


M ap li nèt ale

Liv mèt la – 2

Dezyèm edisyon



**Premye
ane**



USAID | AYITI
ED PÈP AMERIKEN



Ministère de l'Éducation Nationale
et de la Formation Professionnelle

13. Leson En	4
14. Leson R	15
<i>Leson Revizyon En, R</i>	25
15. Leson O	27
16. Leson Y	37
<i>Leson Revizyon O, Y</i>	47
Peryod Revizyon	
<i>Peryod Revizyon Ou, S</i>	49
<i>Peryod Revizyon È, K</i>	51
<i>Peryod Revizyon En, R</i>	53
<i>Peryod Revizyon O, Y</i>	55
17. Leson N	57
18. Leson On	66
<i>Leson Revizyon N, On</i>	74
19. Leson W	76
20. Leson Ò	86
<i>Leson Revizyon W, Ò</i>	95
21. Leson B	97
22. Leson V	107
<i>Leson Revizyon B, V</i>	118
23. Leson G	120
24. Leson F	130
<i>Leson Revizyon G, F</i>	141
Peryod Revizyon	
<i>Peryod Revizyon N, On</i>	143
<i>Peryod Revizyon W, Ò</i>	146
<i>Peryod Revizyon B, V</i>	149
<i>Peryod Revizyon G, F</i>	152

Konsèy pou pwofesè yo

Anvan leson an :

- Pran yon ti tan pou li leson ou pral fè a.
- Li tout konsiy ki pou ou yo.
- Li tout konsiy ki pou elèv yo.
- Prepare tout materyèl w ap bezwen pou leson an (liv elèv yo, kaye ekriti a, règ, kreyon ak lòt materyèl ki nesèsè pou leson an.)
- Distribye liv yo ak kaye ekriti yo bay tout elèv yo anvan ou kòmanse leson an. (elèv yo pa bezwen ouvè yo tousuit).
- Ekri sou tablo a nimewo paj leson jou a.
- Trase sou tablo a liy pou elèv yo ekri (sonje fè yo menm jan ak liy ki nan kaye ekriti a.)
- Verifye si elèv yo genyen lòt materyèl tankou kreyon, gòm, règ, tay kreyon...

Pandan leson an :

- Ankouraje elèv yo patisipe nan aktivite leson yo.
- Toujou mete anpil gete nan fason w ap fè leson an.
- Chwazi menm kantite ti fi ak ti gason ($f = g$) pou reponn kesyon yo.
- Chwazi elèv toupatou nan sal la : devan, nan mitan ak dèyè (d / m / d).
- Korije repons elèv yo lè sa nesèsè (w ap di : « Se sa » oswa « se pa sa » jan nou aprann sa nan fòmasyon an.)
- Mache nan klas la pou verifye si elèv yo ap byen egzekite konsiy yo.
- Ede elèv ki gen difikilte pou fè aktivite yo.
- Mete w nan yon bon pozisyon lè w ap ekri sou tablo a pou fasilite elèv yo suiv sa w ap fè a.
- Di kontin yo nan bon ton.
- Mande elèv yo fè kèk jès ki mache ak sa ki di nan kontin yo.
- Veye pou pa gen twòp dezòd nan aktivite yo.
- Respekte tan ki rezève pou chak aktivite nan leson an.
- Mete postè yo nan yon pozisyon k ap pèmèt timoun wè l san difikilte.
- Toujou evalye elèv yo anvan leson an fini.

Aprè leson an :

- Mande elèv yo rantre materyèl yo. (liv elèv, kaye ekriti, gòm, règ...)
- Ranje tout lòt materyèl ki te itilize nan leson an. (postè, liv mèt la...)

Aktivite 1 Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lago nan dlo

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **nen an**.
Mete **endèks** nou sou desen **pen yo**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **ensèk yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/en/**. Jodi a se son **/en/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/en/**.
- Premye mo a se **entèl**. Mo a kòmanse ak **/en/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **mango**. Mo sa a pa kòmanse ak **/en/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/en/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/en/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **entène**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kana, enpas, kenbe**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/en/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **enben**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **endyen**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kout, enfim, bato**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **enpas**. Premye son an se : **/en/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **envite**. « Premye son » an se : **/en/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **kann, enben**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **mouye, enkyete, ensèk, ankò**.

Aktivite 4

Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.


a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Son konbinezon lèt sa a se **/en/**.

Ann fè l ansanm 

– Son konbinezon lèt sa a se **/en/**.

Se tou pa nou 

– Son konbinezon lèt sa a se : **.../en/**.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Non konbinezon lèt sa a se **en**.

Ann fè l ansanm 

– Non konbinezon lèt sa a se **en**.

Se tou pa nou 

– Non konbinezon lèt sa a se **en**.

Aktivite 5

Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « en » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /en/ = **pen**

Ann fè l ansanm 

– /p/ /en/ = **pen**

Se tou pa nou 

– /p/ /en/ = **pen**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **nen, ten, men, senk**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « en » an pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /m/ /a/ /t/ /en/ = **maten**

Ann fè l ansanm 

– /m/ /a/ /t/ /en/ = **maten**

Se tou pa nou 

– /m/ /a/ /t/ /en/ = **maten**
– Ann kontinye ak lòt mo **malen, penti, moulen.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **en**. *[Ekri konbinezon lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lèt a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*

Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*

Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*

Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt en (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **nen**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /en/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **nen**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /en/

Se tou pa nou



– **nen = /n/ /en/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
ten, pen, senk.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **moulen**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /ou/ /l/ /en/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **moulen**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /ou/ /l/ /en/

Se tou pa nou



– **moulen = /m/ /ou/ /l/ /en/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **maten, penti.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofèsè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 8 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : klas

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **klas** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **klas** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **klas se yon kote moun reyini pou aprann.**
3. Kisa mo **klas** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **klas** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **klas.** *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : koute

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **koute** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **koute** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **koute vle di tande ak anpil atansyon.**
3. Kisa mo **koute** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **koute** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **koute.** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imagine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

- [Montre desen an epi di.]* Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.
1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
 2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
 3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ? *[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]*

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Aliks nan klas la

Klas Aliks la pa sal. Aliks pa pale anpil. Li koute mèl la. Lè l ap pale, li leve men li anlè.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Kisa l fè lè l vle pale ?

Aktivite pou Ranfòse**Koupe fraz**

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.

Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papyè ki long.

Kouman pou fè sa :

1. Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fè.
Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.
3. Apre koupe fraz la mo pa mo.
4. Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.
5. Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :
Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
Kote mo ki kòmans ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
Ki mo ki kòmans ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Aktivite 1 Kontin

Vakans
 Tralalala, tololo
 Vakans rive
 N ap manje mango
 Keyi kayimit ak zabriko
 Tralala, tololo
 N ap fè lagonan dlo

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /en/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/En/**.
- Premye mo a se **enpe**. Mo a kòmanse ak **/En/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **palè**. Mo sa a pa kòmanse ak **/En/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/En/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/En/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **enfim**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **mache, enpas**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/En/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **enben**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **kouri**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **endyen, manje, enfimyè**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **enben-endyen**.
 De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **envite-ankouraje**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **enkyete-onz**.
- *[Reponn ak pous.]*
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **enpas-entèn, anpil-enpe**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **enteresan-antèman**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **enfim-entèl, etranje-enfimyè**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la*Tou pa m*

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Son konbinezon lèt sa a se **/En/**.

Ann fè l ansanm

– Son konbinezon lèt sa a se **/En/**.

Se tou pa nou

– Son konbinezon lèt sa a se **/En/**.

b. Di non konbinezon lèt la*Tou pa m*

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Non konbinezon lèt sa a se **En**.

Ann fè l ansanm

– Non konbinezon lèt sa a se **En**.

Se tou pa nou

– Non konbinezon lèt sa a se **En**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– [Di] M ap li mo yo : **en, senk, men, sen, pen**.

Ann fè l ansanm

– **en, senk, men, sen, pen**

Se tou pa nou

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **en, senk, men, sen, pen**.
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « En » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « En » an pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 5 Ekri konbinezon lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **en**.

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou



- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè e. Trase yon wonn ki pa fèmen sou bò dwat. Nan pwent anlè ki pa fèmen an, trase yon liy kouche nan mitan. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Aktivite 6 Ekri konbinezon lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt majiskil « **En** ».

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè E majiskil. Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè E majiskil. Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou



- **Fè E majiskil. Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè E majiskil. Trase yon liy kanpe. Trase twa liy kouche. Anwo trase yon liy long, nan mitan yon liy kout, e yon liy long anba. Fè n. Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt majiskil En.

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwèn ti pwèn yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwèn ti pwèn yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **nen.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **nen.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **nen.**
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanj : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- senk, pen, men, plen, maten.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo klas

Kiyès ki ka di m ki sa mo **klas** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo koute

Kiyès ki ka di m ki sa mo **koute** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **klas**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]
 Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **koute**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. [Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

a. Alik nan klas la

Klas Alik la pa sal. Alik pa pale anpil. Li koute mèl la. Lè l ap pale, li leve men li anlè.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Li koute mèl la.**
 1. Tout moun mime fraz la.
 2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

c. Yon sal pwòp

[Pou ranfòse enpotans yon sal pwòp, pwofesè a ka poze timoun yo kesyon sa yo:]
 1. Èske nou renmen sal klas la ?
 2. Pou ki sa nou renmen l ?
 Apre sa, l ap di yo kote yo rete dwe toujou pwòp. Depi gen lapwòpte gen lasante.

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di

Sèvi ak : Konesans Alfabè

Materyèl : Kat oubyen bout papyè ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.

Kouman pou fè sa :

1. Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.
2. Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.
3. Sèvi ak lòd Simon Di konsa :
 « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
 « Simon di, mete lèt S la atè. »
 « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.
5. Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.

Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1

Kontin

Vakans
Tralalala, tololo
Vakans rive
N ap manje mango
Keyi kayimit ak zabriko
Tralala, tololo
N ap fè lagon nan dlo

Aktivite 2

Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Metè **lorikilè** nou sou desen **rat la**.
Metè **pous** nou sou desen **rato a**.
Metè **endèks** nou sou desen **moun k ap ri a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/r/**. Jodi a se son **/r/** nou pral aprann.

Aktivite 3

Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/r/**.
- Premye mo a se **ri**. Mo a kòmanse ak **/r/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **pen**. Mo sa a pa kòmanse ak **/r/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l'ansanm



- Son an se : **/r/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/r/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **rat**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **cheval, remen, rèl**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/r/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **rès**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **zwazo**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **men, ran, rato**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



– Mo a se **rat**. Premye son an se : **/r/**.

Ann fè l ansanm



– Mo a se **ri**. « Premye son » an se : **/r/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **men, kat**.

Se tou pa nou



– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **r**ale, **p**ale, **r**an, **k**an, **t**ablo, **r**ete.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/r/**.

Ann fè l ansanm



– Son lèt sa a se **/r/**.

Se tou pa nou



– Son lèt sa a se : ...**/r/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m



– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **r**.

Ann fè l ansanm



– Non lèt sa a se **r**.

Se tou pa nou



– Non lèt sa a se **r**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « r » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m



– **/r/ /i/ = ri**

Ann fè l ansanm



– **/r/ /i/ = ri**

Se tou pa nou



– **/r/ /i/ = ri**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **ren, ran, rèl, rè**s.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « r » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /r/ /an/ /t/ /r/ /e/ = rantre

Ann fè l ansanm 

– /r/ /an/ /t/ /r/ /e/ = rantre

Se tou pa nou 

– /r/ /an/ /t/ /r/ /e/ = rantre
– Ann kontinye ak lòt mo
renmen, ranmase, trese.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil r. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt r (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **ra**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/r/ /a/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **ra**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/r/ /a/

Se tou pa nou



– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan lesan an]
ri, ren, ran, rat.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **rale**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/r/ /a/ /l/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **rale**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/r/ /a/ /l/ /e/

Se tou pa nou



– **/r/ /a/ /l/ /e/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **rele, rato, kouri.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : katkat

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **katkat** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **katkat** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **katkat se yon timoun piti.**
3. Kisa mo **katkat** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **katkat** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **katkat.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : rantre

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **rantre** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **rantre** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **rantre vle di retounen anndan.**
3. Kisa mo **rantre** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **rantre** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **rantre.** [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. [Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]

Tit istwa jodi a se : « **Nan lakou a** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
 [Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. [Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Nan lakou a

Maten an, Alen ale sou lakou a. Mèt la te kanpe la tou. Alen renmen lakou a. Tout ti katkat ap kouri toupatou. Tout ap ri. Mèt la rele : « Rantre ! » Tout rete kanpe an ran san pale. Apre sa, tout rantre.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Ki lè istwa a ap pase ?
4. Ki kote sa te pase ?

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. [Elèv yo ap chanje **sote** ak yon lòt vèb ; yo ka di : **jwe, li, etidye, chante, kouri, elatriye**]

Aktivite 1 Kontin

Vakans
 Tralalala, tololo
 Vakans rive
 N ap manje mango
 Keyi kayimit ak zabriko
 Tralala, tololo
 N ap fè lago nan dlo

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /r/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/R/**.
- Premye mo a se **rat**. Mo a kòmanse ak **/R/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **tab**. Mo sa a pa kòmanse ak **/R/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/R/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/R/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **rèl**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lou, ren.**

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/R/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **gran**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **rès**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lam, yanm, ran, wout, rale.**

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **ri**. Premye son an se : **/R/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **rat**. « Premye son » an se : **/R/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **tèt, ran.**

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **pale, rele, renmen, men, rasi.**

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **ren-rat**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **woulo-rale**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **rat-rele**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
rete-wete, rato-gato.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **reve-leve**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **ren-rantre, rat-lèt, rale-ran, renmen-rantre, lang-ranje.**

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/R/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/R/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/R/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **R**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **R**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **R**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **ra, rat, rèl, rès, trè.**

Ann fè l ansanm

- **ra, rat, rèl, rès, trè**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **ra, rat, rèl, rès, trè.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « R » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « R » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 6 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil r.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
 – **Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]*
 – **Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.**

Se tou pa nou

– *[Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]*
 – **Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men, trase yon ti koub adwat.**

Aktivite 7 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « R ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
 – **Trase yon liy kanpe. Anwo, trase yon koub sou bò dwat rive nan mitan, epi trase yon liy panche adwat.**

Ann fè l ansanm

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
 – **Trase yon liy kanpe. Anwo, trase yon koub sou bò dwat rive nan mitan, epi trase yon liy panche adwat.**

Se tou pa nou

– **Trase yon liy kanpe. Anwo, trase yon koub sou bò dwat rive nan mitan, epi trase yon liy panche adwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe.**
Anwo, trase yon koub sou bò dwat rive nan mitan, epi trase yon liy panche adwat.

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. **Ouvè kaye a nan lèt majiskil R.**

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **rat.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **rat.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **rat.**
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanj : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- rato, rele, kouri, renmen.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 8 **Vokabilè****a. Revizyon vokabilè**

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo katkat

Kiyès ki ka di m ki sa mo **katkat** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo rantre

Kiyès ki ka di m ki sa mo **rantre** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **katkat** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **rantre** [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 9 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difkilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difkilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Tout rete kanpe an ran san pale.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse

Komanse-Fini

[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Vakans

Tralalala, tololo

Vakans rive

N ap manje mango

Keyi kayimit ak zabriko

Tralala, tololo

N ap fè lagon nan dlo

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/m/ /en/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **men**.
- Son nan yon lòt mo se : **/m/ /a/ /t/ /en/**.
- Ki mo li ye ? **maten**

Ann fè l'ansanm

- Son nan mo a se : **/p/ /l/ /en/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **plen**.
- Son nan yon lòt mo se : **/r/ /en/ /m/ /en/**.
- Ki mo li ye ? **renmen**
- Yon lòt ankò : **/r/ /e/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **rele**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankò.
- Son nan mo a se : **/s/ /en/ /k/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **senk**.]
- Yon lòt ankò : **/r/ /e/ /t/ /e/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **rete**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **enskri**.
- M ap di tout son yo : **/en/ /s/ /k/ /r/ /i/**.

Ann fè l'ansanm

- Mo a se **antoure**.
- Ann di tout son yo **/an/ /t/ /ou/ /r/ /e/**.
- Yon lòt mo **marasa**.
- Ann di son yo **/m/ /a/ /r/ /a/ /s/ /a/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **men, rat, rantre**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non res lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6

Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **En ak R** » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

b. Li istwa

*Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « **Makak** » pou kont yo.*

Evalyasyon

NOTE:

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Lektri se limyè
Oye, oye
Tout timoun prese prese
Y ap li san kè kase
Son ak mo mete gete
Tout timoun ap chante
Lektri se limyè. Oye!

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **oslè yo**.

Mete **lorikilè** nou sou desen **towo a**.

Mete **endèks** nou sou desen **oto a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/o/**. Jodi a se son **/o/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/o/**.
- Premye mo a se **onè**. Mo a kòmanse ak **/o/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **itil**. Mo sa a pa kòmanse ak **/o/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : **/o/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/o/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **oslè**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **istwa, odè, oto**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/o/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **ole**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **foto**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **itil, onè, bato**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **ole**. Premye son an se : **/o/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **opa**. « Premye son » an se : **/o/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **rat, ala**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **oslè, oto, kann, lang, enteresan**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/o/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/o/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se : ... **/o/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **o**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **o**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **o**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « o » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m

– **/o/ /t/ /o/ = oto**

Ann fè l ansanm

– **/o/ /t/ /o/ = oto**

Se tou pa nou

– **/o/ /t/ /o/ = oto**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **lo, po, so, mo**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « o » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /o/ /s/ /l/ /è/ = **oslè**

Ann fè l ansanm 

– /o/ /s/ /l/ /è/ = **oslè**

Se tou pa nou 

– /o/ /s/ /l/ /è/ = **oslè**
– Ann kontinye ak lòt mo **oto, moto, opa.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **o**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*
Fè yon wonn fèmen nèt.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*
Fè yon wonn fèmen nèt.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*
Fè yon wonn fèmen nèt.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè yon wonn fèmen nèt.**


c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **o** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. *[Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]*

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.



Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **ko**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /o/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **ko**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /o/

Se tou pa nou



– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
mo, lo, so, po.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **moto**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /o/ /t/ /o/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **moto**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/m/ /o/ /t/ /o/

Se tou pa nou



– **/m/ /o/ /t/ /o/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **poto, opa, oslè, ole.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

K ; T ; S ; R

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : okap

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **okap** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **okap** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **okap se yon vil nan Nò peyi Ayiti, ki dezyèm gran vil peyi a.**
3. Kisa mo **okap** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **okap** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **okap.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : tant

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **tant** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **tant** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **tant se sè manman oubyen papa; ou ka di matant tou.**
3. Kisa mo **tant** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **tant** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **tant.** [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*

2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*

3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Polo pral Okap

Polo ak papa li prale Okap. Polo pral pase kat semèn ak matant Lolo. Kè li kontan. Polo pral okipe poul ak lapen pou matant li. Li pral moulen pitimi. A ! Polo pare pou l ale.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?

2. Ki kote yo prale ?

3. Ki sa Polo pral fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Lekti se limyè
 Oye, oye
 Tout timoun prese prese
 Y ap li san kè kase
 Son ak mo mete gete
 Tout timoun ap chante
 Lekti se limyè. Oye!

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /o/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/O/**.
- Premye mo a se **oto**. Mo a kòmanse ak **/O/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **machin**. Mo sa a pa kòmanse ak **/O/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/O/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/O/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **oslè**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **istwa, okazyon**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/O/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **vakans**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **zouti**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **operasyon, otobis, kabwèt**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **onè**. Premye son an se : **/o/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **ole**. « Premye son » an se : **/o/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **rat, ensèk**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **kann, opa, moto, oto, souke**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/O/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/O/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se **/O/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **O**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **O**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **O**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– [Di] M ap li mo yo : **lo, po, mo, so**.

Ann fè l ansanm

– **lo, po, mo, so**

Se tou pa nou

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **lo, po, mo, so**.
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « o » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « o » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofèsè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **o**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

Ann fè l'ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

Se tou pa nou



- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè yon wonn fèmen nèt.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **O** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

Ann fè l'ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

Se tou pa nou



- **Fè yon wonn fèmen nèt.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè yon wonn fèmen nèt.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. **Ouvè kaye a nan lèt majiskil O.**

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **lo**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l'ansanm



- Mo a se : **lo**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **lo**.
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **mo, poko, sote, kore, pote.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

K ; T ; S ; R

Aktivite 7 **Vokabilè**

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo okap

Kiyès ki ka di m ki sa mo **okap** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo tant

Kiyès ki ka di m ki sa mo **tant** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **okap**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **tant**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 **Li istwa**

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyal

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]


c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Polo pral okipe poul ak lapen pou matant li.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*



Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son

Kouman pou fè sa :

1. Mande elèv yo chita an won.
2. Montre yo youn nan imaj yo.
3. Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/. »
Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.
5. Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].
6. Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.

Aktivite 1 Kontin

Lekti se limyè
Oye, oye
Tout timoun prese prese
Y ap li san kè kase
Son ak mo mete gete
Tout timoun ap chante
Lekti se limyè. Oye!

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **kay la**.
Mete **pous** nou sou desen **fèy yo**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **yoyo a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/y/**. Jodi a se son **/y/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/y/**.
- Premye mo a se **yo**. Mo a kòmanse ak **/y/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **mo**. Mo sa a pa kòmanse ak **/y/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/y/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/y/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **yè**.
[Mèt la a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **istwa, poto, youn.**

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/y/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **woule**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **oto**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **ye, yanm.**

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

– Mo a se **yè**. Premye son an se : **/y/**.

Ann fè l ansanm

– Mo a se **yo**. « Premye son » an se : **/y/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **po, tablo**.

Se tou pa nou

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **kreyon, yanm, youn, yoyo**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/y/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/y/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se : ... **/y/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **y**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **y**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **y**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « y » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m

– **/y/ /o/ = yo**

Ann fè l ansanm

– **/y/ /o/ = yo**

Se tou pa nou

– **/y/ /o/ = yo**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **ye, yè, lay, kay**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « y » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /k/ /e/ /y/ /i/ = **keyi**

Ann fè l ansanm 

– /k/ /e/ /y/ /i/ = **keyi**

Se tou pa nou 

– /k/ /e/ /y/ /i/ = **keyi**

– Ann kontinye ak lòt mo
kokoye, kiyè, taye, lakay, peyi.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Souke tèt nou. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **y**. *[Ekri lèt la sou tablo a.]*

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– *[Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]*

Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.

Ann fè l ansanm 

– *[Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]*

Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.

Se tou pa nou 

– *[Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]*

Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt y (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **ye**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/y/ /e/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **ye**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/y/ /e/

Se tou pa nou 

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
yo, yè, kay.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **yoyo**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/y/ /o/ /y/ /o/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **yoyo**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/y/ /o/ /y/ /o/

Se tou pa nou 

– **/y/ /o/ /y/ /o/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **keyi, kiyè, peye, lakay.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

K; T; S; R

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : keyi

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **keyi** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **keyi** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **keyi vle di pran yon fwi sou yon pyebwa.**
3. Kisa mo **keyi** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **keyi** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **keyi.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : Atè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **atè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **atè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **atè vle di kote moun mete pye yo lè y ap mache.**
3. Kisa mo **atè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **atè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **atè.**
[30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Keyi kokoye** ».
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Keyi Kokoye

Youyou ale kay Miya. Yo keyi kat kokoye. Yo kale kokoye yo. Yo kite po kokoye yo atè a. Ti poul la t ap pase. Li di yo : « **Ranmase po kokoye yo. Lakou a p ap ret sal** ».

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki kote yo ye ?
3. Ki sa timoun yo fè ak po kokoye a ?

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa:

1. *Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.*
2. *Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?*
3. *Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?*

Aktivite 1 Kontin

Lekti se limyè
 Oye, oye
 Tout timoun prese prese
 Y ap li san kè kase
 Son ak mo mete gete
 Tout timoun ap chante
 Lekti se limyè. Oye!

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /y/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/Y/**.
- Premye mo a se **yè**. Mo a kòmanse ak **/Y/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **fè**. Mo sa a pa kòmanse ak **/Y/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/Y/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/Y/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **yoyo**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kay, yanm**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/Y/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **kokoye**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **yès**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **manman, yo, pay**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **yoyo-youn**.
 De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **yanm-inifòm**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **yanm-youn**.
- *[Reponn ak pous.]*
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **ye-inè, ye-yo**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **izin-yès**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **yè-yoyo, inosan-yoyo, inifòm-youn**.

Aktivite 3 **Aprann son ak non yon lèt**

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/Y/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/Y/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/Y/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **Y**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **Y**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **Y**.

Aktivite 4 **Lekti mo ak fraz****a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **yo, ye, yè, lay, kay**.

Ann fè l ansanm

- **yo, ye, yè, lay, kay**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **yo, ye, yè, lay, kay**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « y » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « y » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil y.


a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Leve men. Trase yon liy panche a goch desann.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « Y ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Trase yon liy panche a goch tou kout. Epi, anba, trase yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Trase yon liy panche a goch tou kout. Epi, anba, trase yon liy kanpe.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Trase yon liy panche a goch tou kout. Epi, anba, trase yon liy kanpe.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat tou kout. Trase yon liy panche a goch tou kout. Epi, anba, trase yon liy kanpe.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil Y.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **ye**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **ye**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **ye**.
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanzp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- yè, kay, pye, yo, peye, mouye.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

K;T;S;R

Aktivite 7

Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo **keyi**Kiyès ki ka di m ki sa mo **keyi** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo **atè**Kiyès ki ka di m ki sa mo **atè** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **keyi**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **atè**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8

Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lektè de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekòde mo si yo gen difikilte.]

b. Lektè endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo kale kokoye yo.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. [Elèv yo ap chanje **sote** ak yon lòt vèb ; yo ka di : **jwe, li, etidye, chante, kouri, elatriye.**]

Aktivite 1 Kontin

Lekti se limyè
 Oye, oye
 Tout timoun prese prese
 Y ap li san kè kase
 Son ak mo mete gete
 Tout timoun ap chante
 Lekti se limyè. Oye !

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/y/ /o/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **yo**.
- Son nan yon lòt mo se : **/m/ /ou/ /y/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **mouye**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/y/ /an/ /m/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **yanm**.
- Son nan yon lòt mo se : **/m/ /o/**.
- Ki mo li ye ? **mo**
- Yon lòt ankò : **/k/ /e/ /y/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **keyi**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/k/ /a/ /y/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **kay**.]
- Yon lòt ankò : **/t/ /i/ /y/ /o/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **tiyo**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **oslè**.
- M ap di tout son yo : **/o/ /s/ /l/ /è/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **okipe**.
- Ann di tout son yo **/o/ /k/ /i/ /p/ /e/**.
- Yon lòt mo **olye**.
- Ann di son yo **/o/ /l/ /y/ /e/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **yè, po, peye**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rèz lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6

Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « O ak Y » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Souke tèt nou. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di souke tèt nou. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------|------------------|
| 1. Leve men nou | 5. Pran yon objè |
| 2. Fèmen men ou | 6. Brase |
| 3. Ouvè men ou | 7. Pouse |
| 4. Lonje dwèt ou | |

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Ensèk » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize konbinezon lèt **Ou** ak lèt **S**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **Ou** ak **S**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /ou/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /s/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **mapou**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /m/ /a/ /p/ /ou/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **mapou** = /m/ /a/ /p/ /ou/

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **mapou** = /m/ /a/ /p/ /ou/
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **toupi**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **toupatou, simante, anplis**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche konbinezon lèt **Ou** ak lèt **S** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **Ou** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **S** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 **Lekti**

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
 - a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
 - b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Kiyès ki t al pile pitimi ?
2. Kiyès ki te la tou ?
3. Ki sa Toutou fè ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa plante ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **È** ak lèt **K**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **È** ak **K**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /è/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /k/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **malè**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /m/ /a/ /l/ /è/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **malè** = /m/ /a/ /l/ /è/

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **malè** = /m/ /a/ /l/ /è/
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **sèlman**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **kapital, lakou, kanèl**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **È** ak **K** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **È** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **K** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 **Lekti**

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
 - a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
 - b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa li soupe ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Pou ki sa Kaliks se kè Lamèsi ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize konbinezon lèt **En** ak lèt **R**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **En** ak **R**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /en/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /r/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **sourit**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- **/s/ /ou/ /r/ /i/ /t/**

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **sourit = /s/ /ou/ /r/ /i/ /t/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **sourit = /s/ /ou/ /r/ /i/ /t/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **vlen**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **limen, ren, ranpli**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche konbinezon lèt **En** ak lèt **R** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **En** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **R** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 **Lekti**

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
 - a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
 - b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa li pare pou rat la ?
3. Ki sa rat la fè ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale?
2. Ki sa l ap prepare ?
3. Pou ki sa manman l rele ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **O** ak lèt **Y**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **O** ak **Y**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/o/**. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/y/**. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

– Premye mo a se **yoyo**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
– **/y/ /o/ /y/ /o/**

Ann fè l ansanm 

– Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
– **yoyo = /y/ /o/ /y/ /o/**

Se tou pa nou 

– Ann ekri mo a ankò.
– **yoyo = /y/ /o/ /y/ /o/**
– Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
– Men yon lòt mo : **lalo**.
– Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **aliyen, ray, loray**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **O** ak **Y** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **O** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **Y** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

Aktivite 4 Lèkti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Aprè ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo** : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo** : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa ki sou kote kay Polo a ?
3. Kiyès ki keyi kokoye yo ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa li plante lakay li ?
3. Pou ki sa Morèl remèsye l ?

Aktivite 1 Kontin

Timoun yo
Timoun yo gen lajwa
Yo pral plante pyebwa
Yo tout te byen banda
Y ap chante, y ap make pa.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **endèks** nou sou desen **ne a**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **nat la**.
Mete **pous** nou sou desen **nich la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/n/**. Jodi a se son **/n/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/n/**.
- Premye mo a se **ne**. Mo a kòmanse ak **/n/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **papa**. Mo sa a pa kòmanse ak **/n/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/n/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/n/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **nich**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **lapli, nouvel, nen**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/n/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **maren**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **nennenn**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pate, nat, non**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

- Mo a se **nouriti**. Premye son an se : **/n/**.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se **nanm**. « Premye son » an se : **/n/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kokoye, nat**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **nèt, notè, yoyo, rad, nan, non**.

c. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **yanm-youn**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **yoyo-inè**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **yo-yès**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **inifòm-youn**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **yo-yè**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **youn-inosan**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/n/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/n/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se : ...**/n/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **n**.

Ann fè l ansanm



- Non lèt sa a se **n**.

Se tou pa nou



- Non lèt sa a se **n**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « n » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /n/ /en/ = nen

Ann fè l ansanm 

– /n/ /en/ = nen

Se tou pa nou 

– /n/ /en/ = nen

– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **nan, nanm, nat, nè, nou, nap.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « n » nan pou nou li liy anana a.

e. Marye son yo pou fòme mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /n/ /an/ /n/ /an/ = nannan

Ann fè l ansanm 

– /n/ /an/ /n/ /an/ = nannan

Se tou pa nou 

– /n/ /an/ /n/ /an/ = nannan

– Ann kontinye ak lòt mo **nennenn, mennen, maren.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Y ; N ; W ; R

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil n. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

**Trase yon liy kanpe.
Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt n (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **ni**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /i/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **ni**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /i/

Se tou pa nou 

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
nan, nou, ne.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **nannan**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /an/ /n/ /an/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **nannan**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /an/ /n/ /an/

Se tou pa nou 

– **/n/ /an/ /n/ /an/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **kann, nennenn, marenn.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : marenn

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **marenn** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **marenn** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **marenn se moun ki te mennen ou batize.**
3. Kisa mo **marenn** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **marenn** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **marenn**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : patisyè

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **patisyè** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **patisyè** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **patisyè se yon moun ki konn fè bonbon, pate, ak pen.**
3. Kisa mo **patisyè** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **patisyè** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **patisyè.** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèt la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Nennenn Nini

Nini se marenn Nono. Nono rele li Nennenn Nini. Nennenn Nini se patisyè. Nono prepare pat ak li pou tout kalite pate. Tout moun renmen pate Nennenn Nini.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki metye Nennenn Nini ?

Aktivite 13 Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwen.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwen sa ki montre fraz la fini.

Aktivite pou Ranfòse**Komanse-Fini**

[Separa klas la an de gwoup.] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Timoun yo
 Timoun yo gen lajwa
 Yo pral plante pyebwa
 Yo tout te byen banda
 Y ap chante, y ap make pa.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /n/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/N/**.
- Premye mo a se **nap**. Mo a kòmanse ak **/N/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **pat**. Mo sa a pa kòmanse ak **/N/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/N/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/N/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **non**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanzp : **pale, nèt**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/N/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **nen**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **pare**.
- Ann kontinye ak kèk egzanzp : **fete, nou, nannan, nouriti**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **nòt-natirèl**.
 De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **nanm-tan**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **noyo-neve**.
[Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanzp : **nannan-manman, nyès-nesans**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **non-touse**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanzp : **nouri-mouri, nèf-bèf, nou-non**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/N/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/N/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/N/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **N**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **N**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **N**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **nat, nèt, nan, nanm, ni**.

Ann fè l ansanm

- **nat, nèt, nan, nanm, ni**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **nat, nèt, nan, nanm, ni**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « n » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « n » nan pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy**Jwe ak lèt**

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Y ; N ; W ; R

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **n**.

a. Ekri lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Se tou pa nou

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Remonte, trase yon koub ki desann dwat.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « N ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
 – **Trase yon liy kanpe. Trase yon liy panche adwat epi trase yon liy kanpe.**

Ann fè l ansanm

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
 – **Trase yon liy kanpe. Trase yon liy panche adwat epi trase yon liy kanpe.**

Se tou pa nou

– **Trase yon liy kanpe. Trase yon liy panche adwat epi trase yon liy kanpe.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Trase yon liy panche adwat epi trase yon liy kanpe.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil N.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]
 [Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
 [Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m

– Mo a se : **nan.**
 – Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm

– Mo a se : **nan.**
 – Ann ekri mo a.

Se tou pa nou

– Mo a se : **nan.**
 – Ekri mo a.
 – Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
nou, tann, nannan, mennen.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 7 Vokabilè**a. Revizyon vokabilè**

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo **marenn**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **marenn** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo **patisyè**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **patisyè** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **marenn**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **patisyè**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Nono prepare pat ak li pou tout kalite pate.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

d. Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwèn.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwèn sa ki montre fraz la fini.

Aktivite pou Ranfòse**Kontwòle son**

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.

Di yon mo ki gen yon sèl son /.../.

Di yon mo ki gen de son /.../.

Aktivite 1 Kontin

Timoun yo
Timoun yo gen lajwa
Yo pral plante pyebwa
Yo tout te byen banda
Y ap chante, y ap make pa.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Metè **pous** nou sou desen **kanson an**.
Metè **lorikilè** nou sou desen **mont lan**.
Metè **endèks** nou sou desen **nimewo onz la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/on/**. Jodi a se son **/on/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Son konbinezon lèt sa a se **/on/**.

Ann fè l ansanm 

– Son konbinezon lèt sa a se **/on/**.

Se tou pa nou 

– Son konbinezon lèt sa a se :
.../on/.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m 

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
– Non konbinezon lèt sa a se **on**.

Ann fè l ansanm 

– Non konbinezon lèt sa a se **on**.

Se tou pa nou 

– Non konbinezon lèt sa a se **on**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « on » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /on/ = **pon**

Ann fè l ansanm 

– /p/ /on/ = **pon**

Se tou pa nou 

– /p/ /on/ = **pon**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **non, yon, konn, son.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « on » an pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /m/ /on/ /t/ /e/ = **monte**

Ann fè l ansanm 

– /m/ /on/ /t/ /e/ = **monte**

Se tou pa nou 

– /m/ /on/ /t/ /e/ = **monte**
– Ann kontinye ak lòt mo **tonton, sonnen, konsa.**

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Y ; N ; W ; K

Aktivite 5 Ekri konbinezon lèt

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **on**. [Ekri konbinezon lèt la sou tablo a.]

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
Fè lèt o, epi fè lèt n.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
Fè lèt o, epi fè lèt n.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]
Fè lèt o, epi fè lèt n.

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt o, epi fè lèt n.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt **on** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 6 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **non**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /on/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **non**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /on/

Se tou pa nou 

– **non = /n/ /on/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
yon, kont, mont, konn.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **kanson**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /an/ /s/ /on/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **kanson**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/k/ /an/ /s/ /on/

Se tou pa nou 

– **kanson = /k/ /an/ /s/ /on/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **montre, ponpe.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 7 Vokabilè

Mwen pral li yon istwa pou nou. Men anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : teyat

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **teyat** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **teyat** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fdbak pou chak repons.]

2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **teyat vle di spektak ki gen moun k ap jwe wòl.**

3. Kisa mo **teyat** vle di ? [Timoun yo reponn.]

4. Nan ki moman nou konn tande mo **teyat** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **teyat**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : kont

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kont** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kont** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kont se istwa granmoun rakonte timoun, sitou aswè.**
3. Kisa mo **kont** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **kont** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **kont.**
[30 segonn]

Aktivite 8 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Teyat** »
Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.
[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Teyat

Sonson renmen teyat. Li prepare yon pyès ak sè li Nana. Yo tire kont pou tout katye a. Tout moun kontan teyat Sonson ak Nana.

Aktivite 10 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 11 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De ki moun istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Ki kote yo rakonte kont la ?

Aktivite 12 Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmansè fraz yo.
Tout mo sa yo kòmansè ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Timoun yo
 Timoun yo gen lajwa
 Yo pral plante pyebwa
 Yo tout te byen banda
 Y ap chante, y ap make pa.

Aktivite 2 Aprann son ak non yon konbinezon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non konbinezon lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son konbinezon lèt la

Tou pa m

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
 – Son konbinezon lèt sa a se /On/.

Ann fè l ansanm

– Son konbinezon lèt sa a se /On/.

Se tou pa nou

– Son konbinezon lèt sa a se /On/.

b. Di non konbinezon lèt la

Tou pa m

– [Montre konbinezon lèt la epi di.]
 – Non konbinezon lèt sa a se On.

Ann fè l ansanm

– Non konbinezon lèt sa a se On.

Se tou pa nou

– Non konbinezon lèt sa a se On.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– [Di] M ap li mo yo : **son, yon, pon, konn, non.**

Ann fè l ansanm

– **son, yon, pon, konn, non**

Se tou pa nou

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **son, yon, pon, konn, non.**
 – [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « On » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « On » an pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak lèt

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

Y ; N ; W ; K

Aktivite 4 Ekri konbinezon lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt miniskil **on**.

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè lèt o, epi fè lèt n.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè lèt o, epi fè lèt n.**

Se tou pa nou

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè lèt o, epi fè lèt n.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt o, epi fè lèt n.**

Aktivite 5 Ekri konbinezon lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri konbinezon lèt majiskil « **On** ».

a. Ekri konbinezon lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri konbinezon lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè lèt O majiskil epi fè lèt n miniskil.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè lèt O majiskil epi fè lèt n miniskil.**

Se tou pa nou

- **Fè lèt O majiskil epi fè lèt n miniskil.**

b. Trase konbinezon lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri konbinezon lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt O majiskil epi fè lèt n miniskil.**

c. Trase konbinezon lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan konbinezon lèt majiskil **On**.

[Elèv yo ap trase sou konbinezon lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou konbinezon lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou konbinezon lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase konbinezon lèt la sou lòt liy yo.] Ekri konbinezon lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m

- Mo a se : **non**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm

- Mo a se : **non**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou

- Mo a se : **non**.
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **yon, konn, monte, kontan.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 6 **Vokabilè**

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo teyat

Kiyès ki ka di m ki sa mo **teyat** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo kont

Kiyès ki ka di m ki sa mo **kont** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **teyat**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **kont**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 7 **Li istwa**

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

a. Teyat

Sonson renmen teyat. Li prepare yon pyès ak sè li Nana. Yo rakonte yon kont komik pou tout katye

a. Tout moun kontan teyat Sonson ak Nana.

b. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo tire kont pou tout katye a.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

c. Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmanse fraz yo.

Tout mo sa yo kòmanse ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

Aktivite pou Ranfòse**Jwe ak mo**

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòm yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Timoun yo
 Timoun yo gen lajwa
 Yo pral plante pyebwa
 Yo tout te byen banda
 Y ap chante, y ap make pa.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m



- Son nan premye mo a se **/p/ /on/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **pon**.
- Son nan yon lòt mo se : **/k/ /on/ /n/**.
- Ki mo li ye ? **konn**

Ann fè l ansanm



- Son nan mo a se : **/k/ /on/ /t/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **kont**.
- Son nan yon lòt mo se : **/s/ /on/ /n/ /en/**.
- Ki mo li ye ? **sonnen**
- Yon lòt ankò : **/r/ /e/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **rele**

Se tou pa nou



- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/y/ /on/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **yon**.]
- Yon lòt ankò : **/m/ /on/ /t/ /e/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **monte**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m



- Mo a se **ponn**.
- M ap di tout son yo : **/p/ /on/ /n/**.

Ann fè l ansanm



- Mo a se **kontan**.
- Ann di tout son yo **/k/ /on/ /t/ /an/**.
- Yon lòt mo **rakonte**.
- Ann di son yo **/r/ /a/ /k/ /on/ /t/ /e/**.

Se tou pa nou



- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **moun, tonton, konte**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **N ak On** » an. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy**Jwe ak lèt**

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Nou pral jwe ak lèt yo. Lè mwen di son lèt la n ap kanpe. Lè mwen di non lèt la n ap chita.

S ; R ; M ; N ; K

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Yola pati » pou kont yo.

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endividyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Anit
Anit kou yon pipirit
Li pa gen gwo bibit
Men li kouri vit
Lè l ap jwe foutbòl
Li toujou fè gòl
Anit gen tikò, men li fò.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **kwa a**.
Mete **endèks** nou sou desen **wòch yo**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **pwa yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se /w/. Jodi a se son /w/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se /w/.
- Premye mo a se **wa**. Mo a kòmanse ak /w/ donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **prezidan**. Mo sa a pa kòmanse ak /w/ donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : /w/.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak /w/ nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **woulo**. [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **vwalye, baskèt, wou**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak /w/, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **volan**. [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **out**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **wout, yanm, wi**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **wòb**. Premye son an se : **/w/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **woulo**. « Premye son » an se : **/w/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **pantalon, soulye**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **wout, oubyen, wowoli, operasyon, yoyo**.

Aktivite 4 **Aprann son ak non yon lèt**

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/w/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/w/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/w/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **w**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **w**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **w**.

Aktivite 5 **Lekti mo ak fraz**

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « w » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/w/ /i/ = wi**

Ann fè l ansanm 

– **/w/ /i/ = wi**

Se tou pa nou 

– **/w/ /i/ = wi**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **won, wa, wout**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « w » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /w/ /ou/ /l/ /e/ = woule

Ann fè l ansanm 

– /w/ /ou/ /l/ /e/ = woule

Se tou pa nou 

– /w/ /ou/ /l/ /e/ = woule
– Ann kontinye ak lòt mo
**mawon, wotè, twalèt,
jwenn.**

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **w**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

**Trase yon liy panche a
dwat, yon liy panche
monte, yon lòt liy adwat,
epi yon lòt liy monte.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

**Trase yon liy panche a
dwat, yon liy panche
monte, yon lòt liy adwat,
epi yon lòt liy monte.**

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

**Trase yon liy panche a
dwat, yon liy panche
monte, yon lòt liy adwat,
epi yon lòt liy monte.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **w** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **wa**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /a/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **wa**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /a/

Se tou pa nou 

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
wi, wou, wòb, mwen.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **wotè**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /o/ /t/ /è/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **wotè**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /o/ /t/ /è/

Se tou pa nou 

– **/w/ /o/ /t/ /è/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **wotè, mawon, woule, twalèt.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : wout

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **wout** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **wout** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **wout vle di yon chemen yon moun ka pran pou li sot yon kote pou li ale yon lòt kote.**
3. Kisa mo **wout** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **wout** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **wout**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : lwen

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **lwen** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **lwen** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **lwen vle di yon kote ki pa pre, ki mande anpil deplase.**
3. Kisa mo **lwen** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **lwen** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **lwen**. [30 segonn]

Aktivite 9 Prediksyon daprè desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imagine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon daprè desen oswa daprè tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon daprè desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. [30 segonn]
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. [30 segonn]
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Woule moto

Wololoy ! Ala kontan timoun yo kontan monte moto ! Wout swa, yo la ! Wout pa swa, yo la. Tout moun ki pral lwen, yo pran moto pou wout la ka pi kout. Ala renmen nou renmen moto !

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. Daprè tèks la kiyès ki kontan monte moto ?
2. Pou ki sa yo renmen moto ?

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. Mande elèv yo chita an won.
2. Montre yo youn nan imaj yo.
3. Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/ . »
Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tèks vokabilè.]
4. Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.
5. Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].
6. Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.

Aktivite 1 Kontin

Anit

Anit kou yon pipirit

Li pa gen gwo bibit

Men li kouri vit

Lè l ap jwe foutbòl

Li toujou fè gòl

Anit gen tikò, men li fò.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /w/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Son an se **/W/**.
- Premye mo a se **wòch**. Mo a kòmanse ak **/W/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **zanmann**. Mo sa a pa kòmanse ak **/W/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Son an se **/W/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/W/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **wotè**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
rete, batistè.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/W/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **yanm**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **wòb**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
yenyen, fredy, wou, wa.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **wi**. Premye son an se : **/w/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **woulo**. « Premye son » an se : **/w/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
yoyo, wonn.

Se tou pa nou

- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **kous, wo, youn, wòch, non, oslè.**

c. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m

- Premye pè mo a se **wi-wo**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **wout-rat**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm

- Pè mo a se **wotè-watè**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
out-wout, odè-wonfle.

Se tou pa nou

- Premye pè mo a se **woule-wikenn**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **wowoli-woulèt**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/W/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/W/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/W/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **W**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **W**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **W**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **wòb, wi, wo, wa, wou**.

Ann fè l ansanm

- **wòb, wi, wo, wa, wou**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **wòb, wi, wo, wa, wou**.
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « w » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « w » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil w.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « W ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche a dwat, yon liy panche monte, yon lòt liy adwat, epi yon lòt liy monte.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil W.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **wòb**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **wòb**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **wòb**.
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanzp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- mwen, lwen, wout, woule.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo **wout**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **wout** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo **lwen**

Kiyès ki ka di m ki sa mo **lwen** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **wout**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **lwen**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Ala kontan timoun yo kontan monte moto !**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse**Vokabilè : Di non epi dekri**

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.
2. Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?
3. Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?

Aktivite 1 Kontin

Anit
Anit kou yon pipirit
Li pa gen gwo bibit
Men li kouri vit
Lè l ap jwe foutbòl
Li toujou fè gòl
Anit gen tikò, men li fò.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **kawòt yo**.

Mete **endèks** nou sou desen **zòrèy la**.

Mete **pous** nou sou desen **wòb la**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande plis nan twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se /ò/. Jodi a se son /ò/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se /ò/.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se /ò/.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : .../ò/.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se ò.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se ò.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se ò.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « ò » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /p/ /ò/ /t/ = pòt

Ann fè l ansanm 

– /p/ /ò/ /t/ = pòt

Se tou pa nou 

– /p/ /ò/ /t/ = pòt

– Ann kontinye fè egzèsis ak lèt mo kout ki nan leson an :
mòn, tòl, kòn.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « ò » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /an/ /k/ /ò/ = ankò

Ann fè l ansanm 

– /an/ /k/ /ò/ = ankò

Se tou pa nou 

– /an/ /k/ /ò/ = ankò

– Ann kontinye ak lèt mo
aransò, tòtòt, wòklò, kawòt.

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

Aktivite 5 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil ò. [Ekri lèt y sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt ò (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 6 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **nòt**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /ò/ /t/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **nòt**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/n/ /ò/ /t/

Se tou pa nou 

– **nòt = /n/ /ò/ /t/**
– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
kò, mòn, wòl.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **wòwòt**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /ò/ /w/ /ò/ /t/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **wòwòt**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/w/ /ò/ /w/ /ò/ /t/

Se tou pa nou 

– **wòwòt = /w/ /ò/ /w/ /ò/ /t/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **pwòpte, kowosòl.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 7 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : tòl

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **tòl** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **tòl** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **tòl se yon materyo long, plat, an metal ki sèvi pou kouvri kay.**
3. Kisa mo **tòl** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **tòl** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **tòl**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : myèl

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **myèl** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **myèl** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **myèl se yon ti bèt ki sèvi ak ji flè pou fè siwo.**
3. Kisa mo **myèl** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **myèl** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **myèl.**
[30 segonn]

Aktivite 8 **Prediksyon dapre tit**

Nou pral li yon istwa ansanm. Men anvan nou li istwa a, nou pral imagine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Anatòl** »

Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 9 **Li istwa**

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Anatòl

Anatòl monte sou tòl pou l keyi yon kowosòl. Myèl pike tout kò l. Ton Pòl mennen Anatòl kay Kasayòl pou yo swen l. Kasayòl simen losyon sou tout kò Anatòl.

Aktivite 10 **Verifye prediksyon**

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*

2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 11 **Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn**

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa Anatòl te vle fè ?
3. Pou ki sa doktè a fè sa ?

Aktivite 12 Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmanse fraz yo.
 Tout mo sa yo kòmanse ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

Aktivite 13 Lèt miniskil ak majiskil – non moun

Kounye a timoun nou pral nan liv la, n ap gade tout mo ki gen majiskil yo.

Li yo byen fò.
 Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?
 Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non moun nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.
 Ann di tout non moun yo.

Aktivite pou Ranfòse

Fè fraz la

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, direksyon, prensip alfabetik.

Materyèl : papyè pou ekri mo poukont yo sou li.

Kouman pou fè sa :

1. Ekri yon ti fraz kout ak mo yo abitye tankou « Jodi a se Lendi ». Oswa sèvi ak kontin yo fèk aprann.
2. Ekri chak mo sou yon papyè poukont yo. Mete vigil oswa lòt ponktiyasyon yo sou papyè poukont yo tou.
3. Bay elèv yo mo yo epi di yo mo a.
*Egzanp : « Jòj ou se mo **Jodi a**. Anita ou se mo **Se**. Stefani ou se mo **Lendi**. Jozèf ou se **pwèn an**. »*
4. Mande elèv yo travay ansanm pou yo ranje tèt yo an fraz.
5. Fè lòt elèv yo li fraz la pou verifye direksyon ak lòd li.

Aktivite 1 Kontin

Anit

Anit kou yon pipirit

Li pa gen gwo bibit

Men li kouri vit

Lè l ap jwe foutbòl

Li toujou fè gòl

Anit gen tikò, men li fò.

Aktivite 2 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se /Ò/.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se /Ò/.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se /Ò/.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se Ò.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se Ò.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se Ò.

Aktivite 3 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– [Di] M ap li mo yo : **wòl, mòn, tòl, pòt, kòs.**

Ann fè l ansanm

– **wòl, mòn, tòl, pòt, kòs**

Se tou pa nou

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **wòl, mòn, tòl, pòt, kòs.**
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « ò » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « ò » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy**Chwazi yon zanmi***[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]*

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. *[Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]*

Aktivite 4 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil ò.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

Se tou pa nou



- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt o miniskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

Aktivite 5 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « Ò ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Fè lèt O majiskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Fè lèt O majiskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

Se tou pa nou



- **Fè lèt O majiskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Fè lèt O majiskil. Mete yon aksan sou tèt li.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil Ò.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **kò.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **kò.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **kò.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzàn : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **nòt, ankò, kawòt, lòt.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Vokabilè**a. Revizyon vokabilè**

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo tòl

Kiyès ki ka di m ki sa mo **tòl** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo myèl

Kiyès ki ka di m ki sa mo **myèl** vle di? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **tòl**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **myèl**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 7 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Myèl pike tout kò l.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

d. Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmanse fraz yo.
 Tout mo sa yo kòmanse ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

e. Lèt miniskil ak majiskil – non moun

Kounye a timoun nou pral nan liv la, n ap gade tout mo ki gen majiskil yo.

Li yo byen fò.
 Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?
 Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non moun nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.
 Ann di tout non moun yo

Aktivite pou Ranfòse

Koupe fraz

Pou ki sa : Konesans lèt enprime, prensip alfabetik.

Materyèl : Yon fraz nou abitye ki ekri sou yon fèy papyè ki long.

Kouman pou fè sa :

1. Li yon fraz yo abitye pou elèv yo fò.
Egzanp : « Non mwen se Jozèf. »
2. Li fraz la ansanm. Lonje dwèt ou sou mo yo pandan w ap li.
3. Apre koupe fraz la mo pa mo.
4. Mande elèv yo pou yo fòme fraz la ankò.
5. Sipòte elèv yo ak kòmantè tankou :
Ki son ou tande nan kòmansman mo Jozèf la? [Tann yon repons.]
Ki lèt ki fè son sa ? [Tann yon repons.]
Kote mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]
Ki mo ki kòmanse ak lèt sa ? [Tann yon repons.]

Aktivite 1 Kontin

Anit

Anit kou yon pipirit

Li pa gen gwo bibit

Men li kouri vit

Lè l ap jwe foutbòl

Li toujou fè gòl

Anit gen tikò, men li fò.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/m/ /w/ /en/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **mwen**.
- Son nan yon lòt mo se : **/w/ /ò/ /k/ /è/ /t/**.
- Ki mo li ye ? **wòkèt**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/k/ /a/ /w/ /ò/ /t/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **kawòt**.
- Son nan yon lòt mo se : **/w/ /ò/ /w/ /ò/ /t/**.
- Ki mo li ye ? **wòwòt**
- Yon lòt ankò : **/r/ /e/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **rele**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/w/ /on/ /t/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **wont**.]
- Yon lòt ankò : **/an/ /k/ /ò/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **ankò**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **mòn**.
- M ap di tout son yo : **/m/ /ò/ /n/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **aransò**.
- Ann di tout son yo **/a/ /r/ /an/ /s/ /ò/**.
- Yon lòt mo **wonn**.
- Ann di son yo **/w/ /on/ /n/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **wòb, pòt, kowosòl**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan lesan sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6

Lekti mo (nan liv la)

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **W ak Ò** » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Chwazi yon zanmi

[Ekri tout lèt peryòd la sou tablo a.]

Mwen pral di yon mo ki kòmanse ak son premye lèt la. Apre sa m ap chwazi yon zanmi nan klas. Zanmi mwen chwazi a ap di yon mo ki kòmanse ak son dezyèm lèt la. Apre sa l ap chwazi yon lòt zanmi k ap kontinye ak menm egzèsis la. [Pa kite timoun yo chwazi elèv ki patisipe nan jwèt la deja.]

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « **Pwason** » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1

Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2

Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **bourik la**.

Mete **pous** nou sou desen **bale a**.

Mete **endèks** nou sou desen **bannann yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/b/**. Jodi a se son **/b/** nou pral aprann.

Aktivite 3

Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/b/**.
- Premye mo a se **bourik**. Mo a kòmanse ak **/b/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **cheval**. Mo sa a pa kòmanse ak **/b/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/b/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/b/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **bannann**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **valiz, bèf, pye**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/b/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bon**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **vonvon**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pèl, bo**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

- Mo a se **bonbon**. Premye son an se : **/b/**.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se **bale**. « Premye son » an se : **/b/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **onz, bwat**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **manke, renmen, bòt, bòl, papyè**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/b/**.

Ann fè l ansanm 

- Son lèt sa a se **/b/**.

Se tou pa nou 

- Son lèt sa a se : ...**/b/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **b**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **b**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **b**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « b » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

- **/b/ /o/ = bo**

Ann fè l ansanm 

- **/b/ /o/ = bo**

Se tou pa nou 

- **/b/ /o/ = yo**
- Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **bon, bòl, bwa, ban.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « b » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

- **/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/ = kabrit**

Ann fè l ansanm 

- **/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/ = kabrit**

Se tou pa nou 

- **/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/ = kabrit**
- Ann kontinye ak lòt mo **bourik, bonswa, benyen.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **b**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.

Ann fè l ansanm

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.

Se tou pa nou

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **b** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m

– Mo kout la se : **bon**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/b/ /on/

Ann fè l ansanm

– Mo a se : **bon**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/b/ /on/

Se tou pa nou

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]

bwa, bòl, byen, bèf.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m

– Mo long lan se **kabrit**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/

Ann fè l ansanm

– Mo long lan se **kabrit**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/

Se tou pa nou

– **/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **bonè, bourik, benyen.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : bèf

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **bèf** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèf** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **bèf se yon gwo bèt kat pat ki gen kòn. Li manje zèb.**
3. Kisa mo **bèf** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **bèf** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **bèf**. *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : bèt

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **bèt** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèt** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **bèt vle di zannimo.**
3. Kisa mo **bèt** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **bèt** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **bèt**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mè la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Men bèt

Bè, bè. Men kabrit yo. Kwen, kwen. Men kana yo. Kòt, kòt. Men poul yo. Koukouyoukou. Men kòk yo. Yiyàn, yiyàn. Men bourik yo. Manman, manman. Men timoun yo ap kouri. Timoun se pa bèt, timoun se moun.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa timoun yo ap fè ?

Aktivite pou Ranfòse

Simon Di

Sèvi ak : Konesans Alfabè

Materyèl : Kat oubyen bout papyè ki gen lèt sou yo pou 3 a 4 e pataje.

Kouman pou fè sa :

1. Divize elèv yo an gwoup 3 ou 4 elèv pou yo travay.
2. Mande chak gwoup pou yon elèv pran kat ki gen lèt pa li yo pou gwoup la sèvi.
3. Sèvi ak lòd Simon Di konsa :
 - « Simon di, touche lèt F la ak pous nou. »
 - « Simon di, mete lèt S la atè. »
 - « Simon di, montre moun ki agoch ou a lèt D a. »
4. Si yon elèv fè yon erè tankou sèvi ak move lèt la oswa fè move jès la, ekip la elimine.
5. Dènye ekip ki rete a, se li ki genyen.

Nòt : Pandan y ap bay lòd Simon Di a, pwofesè yo ta dwe fè sa lòd la di a. Sa ap kore devlopman langaj elèv yo.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
 Gade dlo, gade dlo,
 Mezanmi dlo agogo
 N ap plante banbou
 Pou n pwoteje sous toupatou
 Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /b/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/B/**.
- Premye mo a se **bèf**. Mo a kòmanse ak **/B/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **kabrit**. Mo sa a pa kòmanse ak **/B/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l'ansanm



- Son an se **/B/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/B/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **bannann**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **panye, danse**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/B/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **barèt**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **bòt**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **volan, ponpon, mimi, balenn**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **bon-brase**.
 De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **bwose-pran**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l'ansanm



- Pè mo a se **bale-valen**.
- *[Reponn ak pous.]*
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **bourik-batay, bat-pate**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **bato-gato**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **pale-bale, bwat-bonswa, balanse-berejenn, ban-monte**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/B/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/B/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/B/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **B**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **B**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **B**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **bo, bèf, bòt, bòl, bon.**

Ann fè l ansanm

- **bo, bèf, bòt, bòl, bon**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **bo, bèf, bòt, bòl, bon.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « b » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « b » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy**Jwe ak son**

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son lesan an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **b**.

a. Ekri lèt ak dwèt*Tou pa m*

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.**

Se tou pa nou

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe; devan li, kole yon won nan pati anba.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « B ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Trase de koub adwat, youn anwo, youn anba.**

Ann fè l ansanm

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Trase de koub adwat, youn anwo, youn anba.**

Se tou pa nou

- **Trase yon liy kanpe. Trase de koub adwat, youn anwo, youn anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Trase de koub adwat, youn anwo, youn anba.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil B.

- [Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]
- [Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.
- [Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m

- Mo a se : **bèt.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm

- Mo a se : **bèt.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou

- Mo a se : **bèt.**
- Ekri mo a.
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- **ban, bon, bourik, bebe, kabrit.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo bèf

Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèf** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo bèt

Kiyès ki ka di m ki sa mo **bèt** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **bèf**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **bèt**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lektid de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lektid endividyal

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Men timoun yo ap kouri.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

Aktivite pou Ranfòse

Mo pa janm fini

Pwofesè a ap di yon fraz epi l ap mande elèv yo reprann menm fraz la. Men chak fwa yon elèv di fraz la l ap chanje mo pwofesè a mande l la.

Egzanp : Mariz ak Filip konn **sote**. [Elèv yo ap chanje **sote** ak yon lòt vèb ; yo ka di : **jwe, li, etidye, chante, kouri, elatriye**]

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
Gade dlo, gade dlo,
Mezanmi dlo agogo
N ap plante banbou
Pou n pwoteje sous toupatou
Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **lorikilè** nou sou desen **volan an**.
Mete **endèks** nou sou desen **vaksen an**.
Mete **pous** nou sou desen **vonvon yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/v/**. Jodi a se son **/v/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/v/**.
- Premye mo a se **viv**. Mo a kòmanse ak **/v/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **bwat**. Mo sa a pa kòmanse ak **/v/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se : **/v/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/v/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **vaz**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **tablo, vaksen, fè**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/v/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **brase**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **vèt**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **vo, bo, vit**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

- Mo a se **vè**. Premye son an se : **/v/**.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se **vle**. « Premye son » an se : **/v/**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **ble, valè**.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **volan, papiyon, bourik, veye**.

c. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **bouyi-bèt**.
- De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **bòl-gòl**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **bouke-bourik**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **bèt-mèt, boul-poul**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **ban-tan**.
- [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **bis-ban, bale-pale**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/v/**.

Ann fè l ansanm



- Son lèt sa a se **/v/**.

Se tou pa nou



- Son lèt sa a se : ...**/v/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m



- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **v**.

Ann fè l ansanm



- Non lèt sa a se **v**.

Se tou pa nou



- Non lèt sa a se **v**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « v » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòmè mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /v/ /en/ = ven

Ann fè l ansanm 

– /v/ /en/ = ven

Se tou pa nou 

– /v/ /en/ = ven

– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **viv, vo, vè, vwa, vòl.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « v » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son yo pou fòmè mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /v/ /o/ /l/ /e/ = vole

Ann fè l ansanm 

– /v/ /o/ /l/ /e/ = vole

Se tou pa nou 

– /v/ /o/ /l/ /e/ = vole

– Ann kontinye ak lòt mo **vale, veye, avyon.**

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil v. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

**Trase yon liy panche adwat.
Trase yon liy panche agoch
kole avè l anba.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

**Trase yon liy panche adwat.
Trase yon liy panche agoch
kole avè l anba.**

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

**Trase yon liy panche adwat.
Trase yon liy panche agoch
kole avè l anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Mwen trase yon liy panche a dwat tou kout. Mwen leve men m. Mwen trase yon liy panche a goch desann.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt v (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m



– Mo kout la se : **vè**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/v/ /è/

Ann fè l ansanm



– Mo a se : **vè**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/v/ /è/

Se tou pa nou



– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
viv, vle, vo, ven, vwa.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m



– Mo long lan se **vale**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/v/ /a/ /l/ /e/

Ann fè l ansanm



– Mo long lan se **vale**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/v/ /a/ /l/ /e/

Se tou pa nou



– **/v/ /a/ /l/ /e/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **veye, avyon, vole.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : ayewopò

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **ayewopò** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **ayewopò** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **ayewopò se yon estasyon kote avyon ateri ak dekole.**
3. Kisa mo **ayewopò** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **ayewopò** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **ayewopò**. [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : pilòt

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **pilòt** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **pilòt** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **pilòt vle di yon chofè avyon**.
3. Kisa mo **pilòt** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tandè mo **pilòt** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **pilòt**. *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Vonèl renmen avyon** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. *[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]*

Vonèl renmen avyon

Vonèl se moun Bèlvi. Nan lokalite sa a, moun ka wè ayewopò Pòtoprens lan. Souvan, Vonèl konn ak Vanya. Y ap veye avyon k ap pran vòl. Yo fè kòm si yo se pilòt. Tout rèv yo se pou yo vin pilòt pou yo vole nan avyon tout bon.

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki kote timoun yo ye ?
3. Ki sa yo renmen fè ?

Aktivite 13 Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmansè fraz yo.
 Tout mo sa yo kòmansè ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

Aktivite 14 Lèt miniskil ak majiskil – non moun

Kounye a timoun nou pral nan liv la, n ap gade tout mo ki gen majiskil yo.

Li yo byen fò.

Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?

Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non moun nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Ann di tout non moun yo.

Aktivite 15 Lèt miniskil ak majiskil – vil ak peyi

Kounye a timoun nou pral nan liv la, nap gade tout mo ki gen majiskil yo. Li yo byen fò.

Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?

Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non vil ak peyi nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Ann di tout non vil nan istwa a. Ann di non peyi nou an. Ann di non kèk lòt vil ann Ayiti. Sonje, lè n ap ekri non vil ak peyi nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Aktivite pou Ranfòse**Komanse-Fini**

[*Separa klas la an de gwoup.*] Lè m di yon mo, bò goch la ap di m ki son ki kòmanse mo a. Bò dwat la ap di m ki son ki fini mo a.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi

Gade dlo, gade dlo,

Mezanmi dlo agogo

N ap plante banbou

Pou n pwoteje sous toupatou

Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /v/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Son an se **/V/**.
- Premye mo a se **van**. Mo a kòmanse ak **/V/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **pyebwa**. Mo sa a pa kòmanse ak **/V/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Son an se **/V/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/V/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **vit**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
fèmen, vwayaj.

Se tou pa nou 

- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/V/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **vonvon**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **fil**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
balon, vann, valiz, flè.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

- Premye pè mo a se **vale-vakans**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **vaz-wou**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

- Pè mo a se **vizit-vwazen**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp :
vle-flè, veye-soupe.

Se tou pa nou 

- Premye pè mo a se **vle-vann**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **vre-ye, vonvon-vèt, verite-feblès.**

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **V**.

Ann fè l ansanm 

- Son lèt sa a se **V**.

Se tou pa nou 

- Son lèt sa a se **V**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **V**.

Ann fè l ansanm 

- Non lèt sa a se **V**.

Se tou pa nou 

- Non lèt sa a se **V**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m 

- [Di] M ap li mo yo : **vèt, vè, vo, viv, vit.**

Ann fè l ansanm 

- **vèt, vè, vo, viv, vit**

Se tou pa nou 

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout leson an] **vèt, vè, vo, viv, vit.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « v » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « v » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Jwe ak son

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil v.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « V ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
– **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
– **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

Se tou pa nou 

– **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy panche adwat. Trase yon liy panche agoch kole avè l anba.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil V.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

– Mo a se : **vle**.
– Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **vle**.
– Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

– Mo a se : **vle**.
– Ekri mo a.
– Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
vit, vòl, vole, avyon.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Baye. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 7 **Vokabilè**

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo ayewopò

Kiyès ki ka di m ki sa mo **ayewopò** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo pilòt

Kiyès ki ka di m ki sa mo **pilòt** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **ayewopò**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **pilòt**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 **Li istwa**

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li pou kont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo fè kòm si yo se pilòt.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

d. Lèt miniskil ak majiskil

Timoun yo lè n ap ekri yon lèt nou ekri l an miniskil oubyen an majiskil. Nou jwenn lèt majiskil yo nan tout mo ki nan kòmansman yon fraz. Ann al gade sa nan tèks la.

Li tout mo ki kòmanse fraz yo.

Tout mo sa yo kòmanse ak « lèt majiskil » paske se premye mo nan fraz la.

e. Lèt miniskil ak majiskil – non moun

Kounye a timoun nou pral nan liv la, n ap gade tout mo ki gen majiskil yo.

Li yo byen fò.

Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?

Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non moun nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Ann di tout non moun yo

f. Lèt miniskil ak majiskil – vil ak peyi

Kounye a timoun nou pral nan liv la, nap gade tout mo ki gen majiskil yo. Li yo byen fò.

Èske tout mo ki gen majiskil yo se premye mo nan fraz yo ?

Gen lòt mo ki kòmanse ak lèt majiskil. Lè n ap ekri non vil ak peyi nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Ann di tout non vil nan istwa a. Ann di non peyi nou an. Ann di non kèk lòt vil ann Ayiti. Sonje, lè n ap ekri non vil ak peyi nou dwe kòmanse ekri l ak yon lèt majiskil.

Aktivite pou Ranfòse**Kontwòl son**

Nou pral di mo ki gen son nou konnen yo.

Di yon mo ki gen yon sèl son /.../.

Di yon mo ki gen de son /.../.

Aktivite 1 Kontin

Dlo se lavi
 Gade dlo, gade dlo,
 Mezanmi dlo agogo
 N ap plante banbou
 Pou n pwoteje sous toupatou
 Ooo, dlo se lavi, dlo se pa nou.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/v/ /en/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **ven**.
- Son nan yon lòt mo se : **/b/ /w/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **bwa**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/b/ /on/ /s/ /w/ /a/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **bonswa**.
- Son nan yon lòt mo se : **/a/ /v/ /y/ /on/**.
- Ki mo li ye ? **avyon**
- Yon lòt ankò : **/a/ /p/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **api**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankè.
- Son nan mo a se : **/b/ /y/ /en/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **byen**.]
- Yon lòt ankò : **/k/ /a/ /b/ /r/ /i/ /t/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **kabrit**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **bwose**.
- M ap di tout son yo : **/b/ /w/ /o/ /s/ /e/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **vakans**.
- Ann di tout son yo **/v/ /a/ /k/ /an/ /s/**.
- Yon lòt mo **brase**.
- Ann di son yo **/b/ /r/ /a/ /s/ /e/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **anbrase, vole, tablo**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6**Lekti mo (nan liv la)****a. Lekti an gwoup**

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **B ak V** » a. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy**Jwe ak son**

Kounye a nou pral jwe ak son. Lè m di yon mo ki kòmanse ak son leson an n ap bat men nou de fwa. Lè m di yon mo ki kòmanse ak yon lòt son n ap bat men nou yon sèl fwa.

b. Li istwa

*Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « **Lavi nan Bèlvi** » pou kont yo.*

Evalyasyon**NOTE:**

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **gato a**.

Mete **endèks** nou sou desen **gèp la**.

Mete **lorikilè** nou sou desen **gita a**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se /g/. Jodi a se son /g/ nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se /g/.
- Premye mo a se **gèp**. Mo a kòmanse ak /g/ donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **zèb**. Mo sa a pa kòmanse ak /g/ donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : /g/.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak /g/ nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **gato**. [Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **boutik, gita, gòl**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak /g/, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **bouchon**. [Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **kabann**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **glas, grate**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **gita**. Premye son an se : **/g/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **grann**. « Premye son » an se : **/g/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **matant, gwo**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tande : **gade, veye, kanpe, gason, gou**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.


a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/g/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/g/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/g/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **g**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **g**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **g**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « g » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòme mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– **/g/ /en/ = gen**

Ann fè l ansanm 

– **/g/ /en/ = gen**

Se tou pa nou 

– **/g/ /en/ = gen**
– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **gwo, gèp, gòl**.

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « g » a pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòmè mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /b/ /a/ /g/ /a/ /y/ = bagay

Ann fè l ansanm 

– /b/ /a/ /g/ /a/ /y/ = bagay

Se tou pa nou 

– /b/ /a/ /g/ /a/ /y/ = bagay
– Ann kontinye ak lòt mo
kokoye, kiyè, taye, lakay, peyi.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **g**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]
Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **g** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz

a. Ekri mo kout ak son

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **gòl**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/g/ /ò/ /l/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **gòl**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/g/ /ò/ /l/

Se tou pa nou 

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]
bagay, gason, gade, regle.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **gason**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.
/g/ /a/ /s/ /on/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **gason**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.
/g/ /a/ /s/ /on/

Se tou pa nou 

– **/g/ /a/ /s/ /on/**
M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **gade, goute, regle.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : grigri

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **grigri** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **grigri** vle di. [Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **grigri se yon ti zwazo ki gen koulè gri.**
3. Kisa mo **grigri** vle di ? [Timoun yo reponn.]
4. Nan ki moman nou konn tande mo **grigri** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **grigri.** [30 segonn]

b. Dezyèm mo a se : kapon

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **kapon** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **kapon** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **kapon vle di yon moun ki pè.**
3. Kisa mo **kapon** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **kapon** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **kapon.** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre desen

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre desen.

[Montre desen an epi di.] Mwen gade desen an epi mwen mande tèt mwen kisa ki pral pase nan istwa a.

1. Gade desen an epi mande tèt nou sou kisa istwa a pral pale. *[30 segonn]*
2. Mande kamarad ki bò kote w la ki sa li wè nan desen an. *[30 segonn]*
3. Kiyès ki ka dim ki sa ki pral pase nan istwa a ?

[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a.

[Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Sou wout lekòl la

Gèlin renmen al lekòl a pye. Sou tout wout la, li wè tout kalite kay : gwo kay ak ti kay. Gèlin wè tou grigri ak toutrèl k ap vole sou pyebwa yo. Lè l ap travèse lari a, li veye anwo ak anba. Papa l konn pale l : « Atansyon pa kapon ».

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. *[Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]*
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? *[Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]*

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa l ap fè ?
3. Kisa papa konn di l ?

Aktivite pou Ranfòse

Kanpe pou son an

Nou pral fè yon bèl ti egzèsis. Lè mwen di yon mo ki gen son /.../, n ap kanpe, si li pa gen son an chita.

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m

Fanmi m se pa m

Mannman m, papa m

Kenbe men m pou m grandi

Frè m ak sè m

Toujou fè m ri

Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik**a. Rekonèt premye son**

Jodi a n ap kontinye ak son /g/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/G/**.
- Premye mo a se **glas**. Mo a kòmanse ak **/G/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **kenbe**. Mo sa a pa kòmanse ak **/G/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/G/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/G/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **gwo**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kafe, gabèl**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/G/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **ge**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **granmoun**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **kanaval, gadyen, bourèt, fatigue, zanmi**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **gason-gran**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **gèp-kolye**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **gòj-gade**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **goute-koule, keyi-grenpe**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **grandèt-galope**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **gwo-twòp, kokoye-gòl**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Son lèt sa a se **/G/**.

Ann fè l ansanm

- Son lèt sa a se **/G/**.

Se tou pa nou

- Son lèt sa a se **/G/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m

- [Montre lèt la epi di.]
- Non lèt sa a se **G**.

Ann fè l ansanm

- Non lèt sa a se **G**.

Se tou pa nou

- Non lèt sa a se **G**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz

a. Li mo kout vit e byen

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

- [Di] M ap li mo yo : **gòl, gòj, gen, ge, gè.**

Ann fè l ansanm

- **gòl, gòj, gen, ge, gè**

Se tou pa nou

- [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **gòl, gòj, gen, ge, gè.**
- [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « g » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « g » a pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **g**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.**

Se tou pa nou 

- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn. Sou bò dwat wonn nan, trase yon liy kanpe desann epi fè yon koub agoch.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **G** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Anba, nan pwent ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche tou kout.**

Ann fè l ansanm 

- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Anba, nan pwent ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche tou kout.**

Se tou pa nou 

- **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Anba, nan pwent ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche tou kout.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon wonn ki pa fèmèn sou bò dwat. Anba, nan pwent ki pa fèmèn an, trase yon liy kouche tou kout.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil **G**.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwent ti pwent yo.] Trase sou lèt an ti pwent ti pwent yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m



- Mo a se : **gen.**
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm



- Mo a se : **gen.**
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou



- Mo a se : **gen.**
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : *[Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]*
- gwo, gason, gade, bagay.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 7 Vokabilè

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo grigri

Kiyès ki ka di m ki sa mo **grigri** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo kapon

Kiyès ki ka di m ki sa mo **kapon** vle di ? *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **grigri**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **kapon**. *[Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]*

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Lè l ap travèse lari a, li veye anwo ak anba.**

1. Tout moun mime fraz la.

2. *[Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]*

Aktivite pou Ranfòse**Jwe ak mo**

[Ekri tout son nou wè deja yo sou tablo a. Fòme yon gwoup 6 elèv. Mande premye elèv la pou l di yon non moun ak yon non machandiz ki kòmanse ak premye son an. Mande lòt elèv yo kontinye fè menm egzèsis la san yo pa repete yon non ki di deja. Lè yon moun pèdi li pral chita epi lòt yo ap kontinye ak pwochen son an. Moun ki rete an dènye a ap genyen.]

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m
Fanmi m se pa m
Mannman m, papa m
Kenbe men m pou m grandi
Frè m ak sè m
Toujou fè m ri
Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Ann jwe ak imaj

[Pran liv elèv la pou fè aktivite a.]

Jodi a nou pral fè yon ti jwèt. Nou pral jwe ak ti desen ki nan liv la. Ann gade twa ti desen yo.

Mete **pous** nou sou desen **fig la**.
Mete **endèks** nou sou desen **fèy yo**.
Mete **lorikilè** nou sou desen **foumi yo**.

1. Kounye a mwen pral touche desen an epi n ap di m ki sa li ye. [Touche chak ti desen yo pandan w ap mande elèv yo ki sa li ye.]
2. [Reprann mo ki anba desen yo pou elèv yo. Apre mande yo repete mo yo.]
3. **Kounye a, ki son nou tande nan kòmansman twa mo nou sot di la yo ?** [Koute repons yo, aksepte kèk repons epi di son leson an.] Son an se **/f/**. Jodi a se son **/f/** nou pral aprann.

Aktivite 3 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Kounye a nou pral aprann yon nouvo son. Nou pral sèvi ak nouvo son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/f/**.
- Premye mo a se **fig**. Mo a kòmanse ak **/f/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **sezi**. Mo sa a pa kòmanse ak **/f/** donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se : **/f/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/f/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **fèy**.
[Mèt la ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **pale, fann, foumi**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/f/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **vle**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **ble**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **fi, fòs, vwayaje**.

b. Idantifye premye son

Kounye a nou pral idantifye epi di premye son nan yon mo. Mwen pral di mo a, nou pral reflechi sou premye son ki nan mo a. Lè m di « premye son », n ap di m premye son ki nan mo a.

Tou pa m 

– Mo a se **foule**. Premye son an se : **/f/**.

Ann fè l ansanm 

– Mo a se **file**. « Premye son » an se : **/f/**.
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **vole, fèt**.

Se tou pa nou 

– Mwen pral di kèk mo. Nou pral di m ki premye son nou tandè : **vale, bwodè, fanmi, soulye**.

c. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m 

– Premye pè mo a se **grann-gwo**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
– Lòt pè mo a se **gòj-koute**.
– De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm 

– Pè mo a se **tout-goute**.
– [Reponn ak pous.]
– Ann kontinye ak kèk egzanp : **gòl-gade, gen-kanè**.

Se tou pa nou 

– Premye pè mo a se **gran-ban**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
– Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **gòj-glas**.

Aktivite 4 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/f/**.

Ann fè l ansanm 

– Son lèt sa a se **/f/**.

Se tou pa nou 

– Son lèt sa a se : ... **/f/**.

b. Di non lèt la

Tou pa m 

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **f**.

Ann fè l ansanm 

– Non lèt sa a se **f**.

Se tou pa nou 

– Non lèt sa a se **f**.

Aktivite 5 Lekti mo ak fraz

a. Ann jwe ak lèt yo

Kounye a nou pral jwe ak lèt nou konnen yo.

Son lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la nan liv la. Lè mwen di yon son, n ap chache lèt ki mache ak son an epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd, apeprè de fwa pou chak lèt.]

Non lèt mwen konnen

Nou pral gade liy zandolit la. Lè mwen di non yon lèt, n ap chache lèt la epi n ap mete dwèt nou anba l. [Chwazi lèt yo an dezòd.]

b. Revizyon – Mo kout, nan liv la

Kounye a nou pral revize mo kout nou konnen yo. Pran liv la. Ouvè li nan paj « f » pou nou li liy palmis la.

c. Marye son yo pou fòm mo kout

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /f/ /i/ = **fi**

Ann fè l'ansanm 

– /f/ /i/ = **fi**

Se tou pa nou 

– /f/ /i/ = **fi**

– Ann kontinye fè egzèsis ak lòt mo kout ki nan leson an : **fò, fè, fil, fab, flè.**

d. Revizyon – Mo long, nan liv la

Pran liv la. Ouvè li nan paj « f » la pou nou li liy anana a.

e. Marye son pou fòm mo long

Nou pral aprann sèvi ak son pou nou li mo. M ap mete dwèt mwen anba lèt yo epi n ap di chak son. M ap glise dwèt mwen anba yo pou nou di mo a an antye.

Tou pa m 

– /f/ /an/ /m/ /i/ = **fanmi**

Ann fè l'ansanm 

– /f/ /an/ /m/ /i/ = **fanmi**

Se tou pa nou 

– /f/ /an/ /m/ /i/ = **fanmi**

– Ann kontinye ak lòt mo **fasil, fèmen, fevriye.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l'ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 6 Ekri lèt

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **f**. [Ekri lèt la sou tablo a.]

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m 

– [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]

Trase yon koub vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.

Ann fè l ansanm 

– [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]

Trase yon koub vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.

Se tou pa nou 

– [Elèv yo fè menm jès la ak dwèt yo.]

Trase yon koub vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon koub vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Metè kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt **f** (miniskil).

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

Aktivite 7 Ekri mo ak fraz**a. Ekri mo kout ak son**

Nou pral sèvi ak son nou te aprann yo pou n ekri mo kout. M ap di mo kout la epi n ap di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak li a.

Tou pa m 

– Mo kout la se : **fi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/f/ /i/

Ann fè l ansanm 

– Mo a se : **fi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/f/ /i/

Se tou pa nou 

– [Kontinye fè egzèsis la ak lòt mo ki nan leson an]

fèy, fil, fè, flè.

b. Ekri mo long ak son

Kounye a nou pral ekri mo long.

Tou pa m 

– Mo long lan se **foumi**. M ap di chak son pandan m ap ekri lèt ki mache ak yo.

/f/ /ou/ /m/ /i/

Ann fè l ansanm 

– Mo long lan se **foumi**. Ann di chak son pandan n ap ekri lèt ki mache ak yo.

/f/ /ou/ /m/ /i/

Se tou pa nou 

– **/f/ /ou/ /m/ /i/**

M ap di kèk mo epi n ap ekri yo nan kaye nou : **fete, fanmi, fèmen.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. *[Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]*

Panche a dwat. *[Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]*

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 8 Vokabilè

Nou pral li yon istwa ansanm. Anvan nou li istwa a, nou pral travay sou vokabilè a. Sa vle di nou pral aprann sans kèk mo ki nan istwa a.

a. Premye mo a se : labou

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **labou** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **labou** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **labou latè ki melanje ak dlo epi li vin mou.**
3. Kisa mo **labou** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **labou** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **labou.** *[30 segonn]*

b. Dezyèm mo a se : fèy

1. Leve men nou si nou konnen sa mo **fèy** vle di. Kiyès ki ka di m ki sa mo **fèy** vle di. *[Chwazi 2 a 3 elèv epi bay fidbak pou chak repons.]*
2. Nan istwa nou pral li jodi a, mo **fèy se yon pati nan yo plant oubyen yon pyebwa ki vèt e ki plat.**
3. Kisa mo **fèy** vle di ? *[Timoun yo reponn.]*
4. Nan ki moman nou konn tande mo **fèy** deja ? Vire epi pale ak kamarad ki bò kote w la sou mo **fèy.** *[30 segonn]*

Aktivite 9 Prediksyon dapre tit

Anvan nou li istwa a, nou pral imajine sa ki pral pase nan istwa. Yo rele sa prediksyon. Nou ka fè yon prediksyon dapre desen oswa dapre tit.

Jodi a nou pral fè yon prediksyon dapre tit. *[Ekri tit istwa a sou tablo a epi di.]*

Tit istwa jodi a se : « **Fèt poupe Foufoun nan** »
 Ki sa tit sa a fè nou panse ? Ki sa ki pral pase nan istwa a dapre nou ?
[Ekri 2 ou 3 repons sou tablo a ak non elèv yo bò kote repons yo.]

Aktivite 10 Li istwa

Kounye a nou pral li istwa a ansanm. Apre sa nou pral travay pou nou reponn kèk kesyon sou istwa a. [Pandan elèv yo ap li, mèl la pase gade si y ap swiv ak dwèt yo.]

Fèt poupe Foufoun nan

Foufoun ap fete fèt poupe li. Poupe a rele Felisya. Li fè yon gato labou. Li mete ti fèy ak ti flè sou li. Li rele timoun nan katye a vin fete avèk li. Founa pote yon pake bonbon. Yo mete kat bonbon sou kat fèy mango. Yo rele : « Bòn fèt Felisya! »

Aktivite 11 Verifye prediksyon

Anvan nou te li istwa a, nou te fè prediksyon. Nou sonje ?

1. Ann retounen nan prediksyon nou te fè yo. [Fè yon rapèl sou repons ki te bay yo.]
2. Ki elèv ki ka di m kiyès nan prediksyon sa yo ki pi sanble ak istwa a ? [Chwazi 2 elèv, yon ti fi epi yon ti gason.]

Aktivite 12 Koute kesyon yo byen pou nou ka reponn

Koute kesyon sa yo byen epi reponn.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Pou kiyès Foufoun ap fè fèt la ?
3. Pou ki sa Foufoun te kontan ?

Aktivite 13 Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwen.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwen sa ki montre fraz la fini.

Aktivite pou Ranfòse

Rive jwenn zetwal yo

Segmantasyon son

Materyèl : Foto oswa desen oswa objè ki gen twa ou kat son.

Kouman pou fè sa :

1. Mande elèv yo chita an won.
2. Montre yo youn nan imaj yo.
3. Mande yon volontè pou li idantifye sa ki sou imaj la epi pou l kase mo a son pa son. Pa egzanp, si mo a se « tèt », timoun nan dwe di « /t/ /è/ /t/ . »
Nòt : Si elèv yo pa konn non objè a, di yo non li. [Se pa yon tès vokabilè.]
4. Mande yon dezyèm volontè di konbyen son ki nan mo a.
5. Mande yon twazyèm volontè pou l pran yon zetwal nan syèl la pou chak son ki nan mo a [Pou l fè sa, timoun nan ap vole pou l fè kòm si l ap atrap yon zetwal pou chak son ki nan mo a].
6. Kontinye egzèsis la ak lòt imaj pou plis elèv ka gen chans pou vole jwenn zetwal yo.

Aktivite 1 Kontin

- Fanmi m
- Fanmi m se pa m
- Mannman m, papa m
- Kenbe men m pou m grandi
- Frè m ak sè m
- Toujou fè m ri
- Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik

a. Rekonèt premye son

Jodi a n ap kontinye ak son /f/. Nou pral sèvi ak son an pou nou li ak eple mo pita. M ap di son an epi m ap di kèk mo youn apre lòt. Nou pral di m si mo yo kòmanse ak son an. Si mo a kòmanse ak son an, leve pous nou anlè. Si li pa kòmanse ak son an mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Son an se **/F/**.
- Premye mo a se **fèy**. Mo a kòmanse ak **/F/** donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt mo a se **lapli**. Mo sa a pa kòmanse ak **/F/** donk mwen met pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Son an se **/F/**.
- Kounye a mwen pral di yon mo. Si li kòmanse ak **/F/** nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Mo a se **fasil**.
[Pwofesè a ak elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **machann, file**.

Se tou pa nou



- Mwen pral di kèk mo, si yo kòmanse ak **/F/**, nou pral leve pous nou anlè. Si se pa sa, mete pous nou tèt anba.
- Premye mo a se **fleri**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Men yon lòt mo : **plwaye**.
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **vwalye, frè, fredri**.

b. Konpare Premye Son nan Mo

Kounye a nou pral konpare son. Mwen pral di yon pè mo. Si tou de mo yo kòmanse ak menm son an, leve pous nou anlè. Si yo diferan, mete pous nou tèt anba.

Tou pa m



- Premye pè mo a se **fratènite-fanmi**.
De mo sa yo kòmanse ak menm son an, donk mwen leve pous mwen anlè.
- Lòt pè mo a se **feblès-vle**.
- De mo sa yo pa kòmanse ak menm son an, donk mwen mete pous mwen tèt anba.

Ann fè l ansanm



- Pè mo a se **fevriye-fini**.
- [Reponn ak pous.]
- Ann kontinye ak kèk egzanp : **fen-vwa, feray-bagay**.

Se tou pa nou



- Premye pè mo a se **fete-bèl**.
[Elèv yo reponn ak pous yo.]
- Ann kontinye ak kèk lòt egzanp : **volay-fèmen, foumi-vomi, pale-vale**.

Aktivite 3 Aprann son ak non yon lèt

Kounye a nou pral aprann son ak non lèt la. Nou pral sèvi ak yo pou nou li ak eple mo pita.

a. Di son lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Son lèt sa a se **/F/**.

Ann fè l ansanm

– Son lèt sa a se **/F/**.

Se tou pa nou

– Son lèt sa a se **/F/**.

b. Di non lèt la*Tou pa m*

– [Montre lèt la epi di.]
– Non lèt sa a se **F**.

Ann fè l ansanm

– Non lèt sa a se **F**.

Se tou pa nou

– Non lèt sa a se **F**.

Aktivite 4 Lekti mo ak fraz**a. Li mo kout vit e byen**

Nou pral aprann li mo kout vit e byen.

Tou pa m

– [Di] M ap li mo yo : **fè, fò, fa, fi, fab.**

Ann fè l ansanm

– **fè, fò, fa, fi, fab**

Se tou pa nou

– [Anseyan an ap fè elèv yo li mo kout lesan an] **fè, fò, fa, fi, fab.**
– [Aprè sa di] Kontinye pratike nan liv nou, nan liy bis la. Li mo yo poukont nou.

b. Li mo long vit e byen

Kounye a nou pral li mo long vit e byen. Ouvè liv la nan paj « f » epi li liy chat la.

c. Lekti fraz, nan liv la

Kounye a nou pral li fraz. Gade paj « f » la pou nou li liy pwason an.

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

Aktivite 5 Ekri lèt miniskil

Kounye a nou pral ekri lèt miniskil **f**.

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon koube vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo menm jès ak ou.]
- **Trase yon koube vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.**

Se tou pa nou



- [Elèv yo fè jès ak dwèt yo.]
- **Trase yon koube vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon koube vire agoch epi desann li tankou yon liy kanpe. Aprè trase yon liy kouche nan mitan l.**

Aktivite 6 Ekri lèt majiskil

Kounye a nou pral ekri lèt majiskil « **F** ».

a. Ekri lèt ak dwèt

Tou pa m



- [Ekri lèt la ak dwèt ou nan lè a de fwa. Mande elèv yo swiv sa w ap fè.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon liy kouche long anwo adwat. Nan mitan an, trase yon liy kouche pi kout.**

Ann fè l ansanm



- [Mande yo leve dwèt yo pou yo fè menm jès ak ou.]
- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon liy kouche long anwo adwat. Nan mitan an, trase yon liy kouche pi kout.**

Se tou pa nou



- **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon liy kouche long anwo adwat. Nan mitan an, trase yon liy kouche pi kout.**

b. Trase lèt ak dwèt sou biwo :

Nou pral ekri lèt la ak dwèt nou sou biwo nou, pandan n ap di kisa n ap fè. **Trase yon liy kanpe. Leve men. Trase yon liy kouche long anwo adwat. Nan mitan an, trase yon liy kouche pi kout.**

c. Trase lèt : Egzèsis ekri sou kaye

Mete kaye nou devan nou. Ouvè kaye a nan lèt majiskil **F**.

[Elèv yo ap trase sou lèt ki an nwa a.] Pase kreyon sou lèt ki deja ekri an nwa a. [Mèt la ap pase verifye sa timoun yo ap fè.]

[Elèv yo trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.] Trase sou lèt an ti pwen ti pwen yo.

[Elèv yo ap trase lèt la sou lòt liy yo.] Ekri lèt la menm jan ak modèl la sou lòt liy yo.

d. Ekri mo kout vit e byen

Nou pral ekri mo vit e byen.

Tou pa m 

- Mo a se : **fè**.
- Mwen ekri mo a.

Ann fè l ansanm 

- Mo a se : **fè**.
- Ann ekri mo a.

Se tou pa nou 

- Mo a se : **fè**.
 - Ekri mo a.
 - Ann kontinye ak kèk lòt egzanzp : [Bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo epi pase verifye si yo ekri byen]
- fin, fèt, fò, fanmi.**

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak kò m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Panche a dwat. [Tout timoun ap fè tankou pwofesè a pandan y ap di panche a dwat. Fè twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|------------------------------|------------------|
| 1. Panche a dwat | 6. Pliye kò nou |
| 2. Panche a goch | 7. Yon ti vole |
| 3. Panche devan | 8. Kanpe rèd |
| 4. Kage sou do | 9. Yon ti danse |
| 5. Vire tèt ou a goch a dwat | 10. Souke kò nou |

Aktivite 7 **Vokabilè**

a. Revizyon vokabilè

Kounye a nou pral revize vokabilè nou te aprann yè yo.

Yè nou te travay sou mo labou

Kiyès ki ka di m ki sa mo **labou** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

Yè nou te travay sou mo fèy

Kiyès ki ka di m ki sa mo **fèy** vle di ? [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

N.B. - Pa ekri definisyon mo a sou tablo a. Lè elèv yo fin bay siyifikasyon mo a, ou dwe konfime ak yo. Sèlman korije li si sans li bay la pa bon.

b. Ann fè fraz ak mo vokabilè yo

Nou pral sèvi ak mo vokabilè yo pou nou fè fraz.

Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **labou**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]Kiyès ki ka fè yon fraz avèk mo **fèy**. [Chwazi yon ti fi ak yon ti gason.]

Aktivite 8 Li istwa

Yè nou te li istwa a ansanm. Jodi a nou pral li istwa a de pa de. Apre sa mwen pral mande kèk elèv li poukont yo. Sonje pou n mete dwèt nou anba chak mo pandan n ap li yo.

a. Lekti de pa de

[Mete elèv yo de pa de. Asire w yo swiv sa y ap li ak dwèt yo. Pase gade kòman y ap li. Ede kèk elèv dekode mo si yo gen difikilte.]

b. Lekti endividyèl

[Mande 6 elèv li yon pati nan istwa a (chwazi 3 ti gason epi 3 ti fi). Ede yo si yo gen difikilte.]

c. Ann mime

Timoun, moman pou nou mime a rive.

– Tout moun kanpe. M ap li fraz la pou nou. Koute : **Yo mete kat bonbon sou kat fèy mango.**

1. Tout moun mime fraz la.
2. [Mande yon ti fi ak yon ti gason pase devan, pou vin mime fraz la pou klas la.]

d. Pwen

Kounye a timoun ann gade finisman chak fraz. Di m sa n wè.

[Apre repons yo, di yo wè yon pwen.] Chak fwa nou fin ekri yon fraz nou dwe mete ti pwen sa ki montre fraz la fini.

Aktivite pou Ranfòse

Vokabilè : Di non epi dekri

Ou ka bati vokabilè elèv yo ak kapasite deskripsyon yo nan leson ki santre sou di non ak dekri.

Kouman pou fè sa :

1. Kòmanse pa chwazi yon tèm oswa yon sijè pou nou travay. Brase lide oswa di non objè ki gen rapò ak tèm lan. Pa egzanp, si tèm nan se manje, elèv yo ka di non mango, sereyal, ak pwason.
2. Epi ede elèv yo di non objè sa yo pa kategori. Ki sa ki fwi, legim, vyann, elatriye ?
3. Finalman, mande elèv yo di non objè sa yo selon kalite yo. Nan ka sa a, ki sa ki dous, ki sa ki sale, ki sa ki si ?

Aktivite 1 Kontin

Fanmi m

Fanmi m se pa m

Mannman m, papa m

Kenbe men m pou m grandi

Frè m ak sè m

Toujou fè m ri

Mwen renmen fanmi m.

Aktivite 2 Konsyans Fonemik : Marye son pou di mo

Jodi a nou pral devine mo. Mwen pral di tout son ki nan yon mo. Nou pral kole son yo epi lè mwen di : « Ki mo li ye ? » n ap di mo a.

Tou pa m

- Son nan premye mo a se **/f/ /è/ /t/**. M ap kole tout son yo epi m ap di mo a: **fèt**.
- Son nan yon lòt mo se : **/g/ /i/ /t/ /a/**.
- Ki mo li ye ? **gita**

Ann fè l ansanm

- Son nan mo a se : **/g/ /w/ /o/**. N ap kole tout son yo epi n ap di mo a: **gwo**.
- Son nan yon lòt mo se : **/f/ /an/ /m/ /i/**.
- Ki mo li ye ? **fanmi**
- Yon lòt ankò : **/r/ /e/ /l/ /e/**.
- Ki mo li ye ? **rele**

Se tou pa nou

- Mwen pral di tout son ki nan yon mo epi n ap di mo a ankò.
- Son nan mo a se : **/g/ /r/ /an/**.
- Ki mo li ye? [Elèv yo di : **gran**.]
- Yon lòt ankò : **/f/ /ou/ /m/ /i/**.
- Ki mo li ye ? [Elèv yo di : **foumi**.]

Aktivite 3 Konsyans Fonemik : Separe mo, kase mo son pa son

Kounye a nou pral separe mo yo an son. Mwen pral di yon mo epi nou pral di tout son ki nan mo a.

Tou pa m

- Mo a se **bagay**.
- M ap di tout son yo : **/b/ /a/ /g/ /a/ /y/**.

Ann fè l ansanm

- Mo a se **fevriye**.
- Ann di tout son yo **/f/ /e/ /v/ /r/ /i/ /y/ /e/**.
- Yon lòt mo **glas**.
- Ann di son yo **/g/ /l/ /a/ /s/**.

Se tou pa nou

- Kounye a mwen pral di kèk mo epi n ap di son yo youn apre lòt : **fasil, gade, fatra**.

Aktivite 4 Di non lèt ki nan yon mo

[Ekri 2 ou 3 mo ki nan leson sa a sou tablo a. Touche epi di non premye lèt la. Apre sa touche epi mande elèv yo di non rès lèt yo.]

Aktivite 5 Jwenn son nan mo

Ouvri liv nou nan paj revizyon an. Kounye a, mwen pral di yon son. N ap chèche yon mo ki gen son an ladan l. N ap mete dwèt nou anba mo a. Son an se _____.

[Chwazi son yo an dezòd. Apre ou fin di yon premye son, mande kèk elèv ki mo yo jwenn ki gen son an. Chak elèv dwe bay yon nouvo mo. Kontinye ak lòt son nou wè deja.]

Aktivite 6 **Lekti mo (nan liv la)**

a. Lekti an gwoup

Kounye a nou pral li nan liv la. Fè elèv yo ouvè liv la nan paj revizyon « **G ak F** » la. Mete yo an gwoup san yo pa deplase pou yo li liy ki gen mo ak fraz yo. Fè yo li fò. [Pa egzanp, chak ranje, ti fi/ti gason, moun a dwat/moun a goch.]

Aktivite revèy

Kounye a nou pral fè yon ti egzèsis. Tout timoun kanpe.

M ap fè yon mouvman ak figi m. Apre sa m ap mande nou fè menm mouvman an. [Di mouvman an pandan w ap fè l ak elèv yo.]

Baye. [Tout timoun ap fè tankou pwofèsè a pandan y ap di « baye ». Chwazi twa lòt mouvman, epi tounen nan pwochen aktivite ansèyman an.]

Bwat aktivite revèy

- | | |
|-------------------|-------------------|
| 1. bat je w | 6. Fè grimas |
| 2. baye | 7. File lang |
| 3. souri | 8. Twouse nen |
| 4. fikse je w | 9. Lonje bouch |
| 5. fwonse sousi w | 10. Gonfle machwè |

b. Li istwa

Anseyan an ap mande elèv yo li istwa « Gato myèl » pou kont yo.

Evalyasyon

NOTE:

- Nan moman sa a nou kapab mande elèv yo kontinye li menm istwa a. Nou kapab pwofite moman sa a pou nou fè evalyasyon endi-vidyèl pou elèv yo. Nou ka mande elèv yo li apeprè senk mo pou kont yo. Pa swiv prezantasyon mo yo nan liv la. Chwazi mo yo nan toulede leson yo, nan diferan liy pou chak timoun. Ede elèv la korije erè li yo. Apre li fini, note nan kaye ou konbyen mo elèv la li byen. Pa egzanp : 4/5. Si tout elèv pa gen tan li pou ou, asire ou sa ki pa li pou ou jodi a ap li pou ou semenn pwochenn (nan jou revizyon an).
- Si elèv yo pa li byen, mande yo li son lèt yo ba ou. Fè yon revizyon son elèv la pa konnen. Si gen anpil elèv ki pa konnen yon son, fè leson an ankò pou klas la. Si yo konnen son yo, men yo pa ka li, chèche konnen ki bò yo kole.

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **N** ak konbinezon lèt **On**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **N ak On**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /n/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /on/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **konte**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- **/k/ /on/ /t/ /e/**

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **konte = /k/ /on/ /t/ /e/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **konte = /k/ /on/ /t/ /e/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **son**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **nap, nich, lontan**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **N** ak konbinezon lèt **On** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **N** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **On** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m



- Premye gwoup mo a se : **melon, Kamyon, an, plen.**
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **Kamyon an plen melon.**

Ann fè l ansanm



- Yon lòt gwoup mo se : **nap, sal, la, Niko.**
- Fraz la se : **Niko sal nap la.**

Se tou pa nou



- Gwoup mo a se : **kap, monte, Anit, ap.**
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **mouye, katon, yo, Lapli.**
- Fè fraz la.
- [Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.
- Fraz yo : **Anit ap monte kap. Lapli mouye katon yo.]**

Aktivite 4 Lekt

Nan lesan anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :** ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo :** li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa yo sou **premye** istwa ou te li a.

1. Ki moun ki pote kanson pou an Nono ?
2. Kay kiyès Nono te ale ?

Koute kesyon sa yo sou **dezyèm** istwa ou te li a.

1. Ki non marasa yo ?
2. Ki bò Nèlson mennen Manno ?
3. Kiyès ki trete Manno ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **W** ak lèt **Ò**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **W** ak **Ò**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /w/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

- [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
- [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /ò/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

- [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
- [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

- [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
- [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
- [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **pwòp**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /p/ /w/ /ò/ /p/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **pwòp = /p/ /w/ /ò/ /p/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **pwòp = /p/ /w/ /ò/ /p/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **kreyòl**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **woulo, paspò, wòl**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **W** ak **Ò** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **W** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **Ò** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

- Premye gwoup mo a se: **wolan, kawòt, renmen, anpil.**
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **wolan renmen kawòt anpil.**

Ann fè l ansanm

- Yon lòt gwoup mo se : **pòl, kowosòl, yon, keyi.**
- Fraz la se : **pòl keyi yon kowosòl.**

Se tou pa nou

- Gwoup mo a se : **kawòl, linèt, mete, yon, nwa.**
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **anatòl, sèk, ap, yon, woule.**
- Fè fraz la.
- [Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.
- Fraz yo : **kawòl mete yon linèt nwa. Anatòl ap woule yon sèk.]**

Aktivite 4 Lektü

Nan lesan anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :** ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo :** li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. Ki non 2 sè yo ?
2. Ki sa Nikòl renmen ?
3. Ki sa Kawòl renmen ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. Kay kiyès timoun yo renmen ale ?
2. Pou ki sa yo renmen al lakay li ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **B** ak lèt **V**. Nou dakò? [Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **B** ak **V**.]

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /b/. [Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son /v/. [Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]

1. [Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]
2. [Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. [Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]
2. [Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]
3. [Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **bòzò**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- /b/ /ò/ /z/ /ò/

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **bòzò** = /b/ /ò/ /z/ /ò/

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **bòzò** = /b/ /ò/ /z/ /ò/
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **prèv**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo [bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo] **vantay, manba, bave**.

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li kòrèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **B** ak **V** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **B** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **V** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m



- Premye gwoup mo a se: **vil, yon, bèl, se, bèlvi.**
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **bèlvi se yon bèl vil.**

Ann fè l ansanm



- Yon lòt gwoup mo se : **pran, li, vaksen, bèna.**
- Fraz la se : **bèna pran vaksen li.**

Se tou pa nou



- Gwoup mo a se : **vanya, bètrav, anpil, plante.**
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **mete, vès, Bili, ble, yon.**
- Fè fraz la.
- *[Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.*
- *Fraz yo : **vanya plante bètrav anpil. Bili mete yon vès ble.**]*

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. *[Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]*
2. *[Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]*
 - a. *Si yo li 8 mo byen nan 10 mo : ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.*
 - b. *Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo : li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.*

Aktivite 5 Kesyon sou istwa yo

[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Kijan li rele bourik li a ?
3. Ki sa li ba li ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki bò l woule ?
3. Kiyès ki mennen l nan sant sante a ?

Jodi a se leson revizyon. Nou pral revize lèt **G** ak lèt **F**. Nou dakò? *[Mande elèv yo ouvri kaye ekriti yo nan paj peryòd revizyon **G** ak **F**.]*

Aktivite 1 **Konsyans fonemik**

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/g/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou yo desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li kòmanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan, epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè a.]*

Nan bwat la, fè desen yon imaj ki kòmanse ak son **/f/**. *[Bay elèv yo 2 minit pou desinen yon imaj ki kòmanse ak son an men ki pa nan liv la.]*

1. *[Chwazi 6 elèv. Mande yo ki desen yo fè epi ak ki son li komanse. Sonje, chwazi 3 ti fi ak 3 ti gason, devan, nan mitan epi dèyè.]*
2. *[Pase nan mitan elèv yo. Mande yon ti fi ak yon ti gason montre klas la imaj yo fè.]*

Aktivite 2 **Konesans son lèt ak kapasite ekri lèt**

Nou pral ekri lèt yo poukont nou an miniskil ak an majiskil.

1. *[Mande elèv yo ekri an miniskil lèt premye son ki nan non imaj yo anlè desen yo.]*
2. *[Mande yo ekri an majiskil lèt premye son ki nan non imaj yo sou kote lèt miniskil yo te ekri yo.]*
3. *[Pase gade kijan elèv yo ekri lèt yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti. Si 2 oubyen plis nan 6 elèv yo pa remèt yon travay kòrèk, ou dwe pran yon tan nan jounen an oswa demen pou anseye ankò lèt ki ba yo difikilte a. Si kantite elèv la pi piti pase sa, ede sa ki gen difikilte yo youn apre lòt.]*

Aktivite 3 **Ekri mo ak fraz**

a. Ekri mo

Nou pral itilize son ak non lèt nou konnen yo pou nou eple ak ekri mo. Mwen pral di kèk mo epi n ap di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.

Tou pa m 

- Premye mo a se **gaspiye**. M ap di tout son ki nan mo a pandan m ap ekri yo.
- **/g/ /a/ /s/ /p/ /i/ /y/ /e/**

Ann fè l ansanm 

- Ann di tout son yo pandan n ap ekri yo.
- **gaspiye = /g/ /a/ /s/ /p/ /i/ /y/ /e/**

Se tou pa nou 

- Ann ekri mo a ankò.
- **gaspiye = /g/ /a/ /s/ /p/ /i/ /y/ /e/**
- Di tout son ki nan mo yo pandan n ap ekri yo.
- Men yon lòt mo : **gouvènè**.
- Ann kontinye ak kèk lòt mo *[bay timoun yo tan pou yo ekri chak mo]* **griye, Fransè, Fyèl.**

N.B. - Pase gade travay elèv yo pou w ka ba yo fidbak. Ou dwe gade travay 6 elèv pou pipiti, epi 4 nan 6 elèv yo ta dwe remèt yon travay kòrèk. Si se pa sa, ede klas la fè li korèkteman.

b. Chèche lèt mwen an

Kounye a nou pral chèche lèt **G** ak **F** nan mo nou sot ekri yo. Lèt yo kapab an miniskil oubyen an majiskil.

1. Mete yon wonn sou tout **G** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.
2. Fè yon kwa sou tout **F** ou ka jwenn nan mo ou sot ekri yo.

[Nan chak etap, verifye travay 3 ti fi ak 3 ti gason devan, nan mitan epi dèyè nan klas la. Ede yo si yo gen difikilte. Si gen 2 oubyen plis nan 6 elèv ki pa ka jwenn youn nan lèt yo, fè yon lòt aktivite pou tout elèv ka wè kòman pou yo jwenn lèt sa yo nan mo.]

c. Ekri fraz

Nou pral sèvi ak mo nou konnen yo pou nou ekri fraz. Mwen pral di kèk mo an dezòd. Apre sa n ap ranje yo pou nou fè fraz ak yo.

Tou pa m

- Premye gwoup mo a se: **fò, an, Van, soufle.**
- M ap ranje mo yo pou m fè fraz la.
- Fraz la se : **Van an soufle fò.**

Ann fè l'ansanm

- Yon lòt gwoup mo se : **bay, ap, Gilèn, blag.**
- Fraz la se : **Gilèn ap bay blag.**

Se tou pa nou

- Gwoup mo a se : **legim, nan, Fito, ap, goute.**
- Fè fraz la.
- Men yon lòt gwoup mo : **bale, galeri, a, Gregwa, ap.**
- Fè fraz la.
- [Apre elèv yo fin fè fraz yo, ekri fraz yo sou tablo pou yo kapab verifye nan kaye yo.
Fraz yo : **Fito ap goute legim nan. Gregwa ap bale galeri a.**]

Aktivite 4 Lekti

Nan leson anvan yo nou te aprann li mo ak fraz. Kounye a nou pral sèvi ak kapasite sa yo pou nou li istwa byen fasil.

Nou pral li de istwa.

1. [Fè yo li premye istwa a ansanm. Mande yo li fò epi verifye si yo pa fè anpil erè. Si se pi piti pase 4 mo yo pa ka li, yo pare pou yo li poukont yo.]
2. [Apre ou fin verifye sa, ou ka mande yo li dezyèm istwa a de pa de pandan yo rete chita nan plas yo. Pase nan mitan elèv yo epi koute de elèv byen.]
 - a. **Si yo li 8 mo byen nan 10 mo :** ret tann tout elèv fin li epi mande yo li dezyèm istwa a poukont yo.
 - b. **Si yo pa ka li 8 mo nan 10 mo :** li istwa ansanm avèk klas la de fwa dousman pandan y ap swiv ak dwèt yo nan liv pa yo. Note sa tou, epi pale ak ankadrè a sou kòman ou ka ede elèv yo amelyore.

Aktivite 5 **Kesyon sou istwa yo**


[Lè elèv yo fin li istwa a, si rete tan toujou, poze kesyon sa yo.]

Koute kesyon sa sou **premye** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa Grann li ba li pou fèt li ?
3. Pou ki sa tout timoun yo te kontan ?

Koute kesyon sa sou **dezyèm** istwa ou te li.

1. De kiyès istwa a pale ?
2. Ki sa Magi fè ?
3. Pou ki sa Magi remèt Fanfan kap la ?



Liv sa a fèt epi li pibliye an kolaborasyon avèk Ministè Edikasyon Nasyonal ak Fòmasyon Pwofesyonèl (MENFP) Gouvènman Ayisyen a, gras a yon èd ki soti nan ajans ameriken U.S. Agency for International Development (USAID), nan kad Aktivite Rechèch Aplike Tout Timoun Ap Li – ToTAL, dapre kontra No. EHC-E-00-0004-00 pwogram èd USAID ki rele EdData II Technical and Managerial Assistance.

Out 2013